ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№84 (23.898) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек къипщытащ гъэзгущІэхэр, транспорт зэхэкІыпІэхэр зэращІыр

Лэжьыгъэ Іэуэкіэ Дзэлыкъуэ, Прохладнэ районхэр къыщызэхиКІухьым КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек къипщытащ республикэм и жылагъуэхэр зэпызыщІу гъэзгущІэхэмрэ транспорт зэхэкІыпІэхэмрэ зэращІыр.

ЩІЫНАЛТЭМ и унафэщІыр еплъащ «Налшык - Майкэ» автомобиль гъэгурым щыщ Іыхьэу километри 5,1-рэ, «Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу» автомобиль гъэгурым щыщу километри 7 хъу Іыхьэхэр зэрызэрагъэпэщыжым. Иджыпсту лэжьакІуэхэм асфальтыр телъхьэн яух. А гъэгуитІми республикэм и дежкІэ мыхьэнэ хэха яІэщ: «Налшык - Майкэ» гъэгурм Шэджэм, Май районхэр республикэм и къалащъхьэм къапещІэ, «Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу» гъэгэгу Осетие Ищхьэрэм - Алание, Ставрополь крайм макІуэ. Ятха зэгурыІуэныгъэхэм ягъэ иткІэ а гъэгуитІри дыдэрэт илъэсым къриубыдэу хьэзыр ящІын хуейщ.

Прогресс поселкэм деж КІуэкІуэ К. В. щыхуэзащ «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъэгурхэм я управленэм и унафэщІ Лечхаджиев Р. А. икІи ахэр зэщІыгъуу еплъащ «Кавказ» Р-217 гъэгурым километр 15 хъу и етІуанэ Іыхьэм зэрелэжьым. А гъэгурм Дзэлыкъуэкъуажэ, адэкІэ Тамбукъан гъэлым, Пятигорск къалэм къапикІухьу щытынущ икІи иджыпсту къагъэсэбэпым щызекІуэныр куэдкІэ къигъэпсынщІэнущ. Проектым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, а Іыхьэм лъэмыжу 3, иджырей гъэзгу зэхэкІыпІэу 2-м хеубыдэ. Гъэзгум и бгъум щыщу километр 11-р гъущІкІэ, километр 17-р бетон пкъыгъэзэмкІэ кхахуныкъуэ. Езы гъэзгум дэкІуэу уэздыгъэхэр фІадзэнщ, гъэзгу дамыгъэу 140-рэ трагъэувэнщ, автомобилхэм дасэжм я зыгъэпсэхупІэу тІу тращІыхьыныщ. А лэжьыгъэ псори зэфІэкІын хуейщ дызэрыт илъэсым къриубыдэу.

Иджыпсту гъэзгуэм щыІэ щытыкІэр, автотранспортыр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрихъуэр, хьэлъэу зэрашэхэми зэрыхэхъуэр къэплъытэмэ, къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм, гъэзгу нэхъыщхьэхэр къагъэщІэрэщІэжьым, ягъэуфа мардэхэм тету ахэр зехьэным щІыхэм я тыншыгъуэм и мызакъуэу, шынагъуэншагъэри елъытащ. Абы кІыхьэкІы гъэзгу хозяйствэм зэхъуэкІыныгъэ нэрылъагъуэхэр щыІэн папщІэ гъэзгу лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыныкІэ технологиехэр нэгъэсауэ зэрагъэзащІэм, къагъэсэбэп материалхэр кІыхьэрезэгъым тКІийуэ кІэлъыплъын хуейщ.

«Урысей Федерацэм зегъэужьыныкІэ лъэпкъ мурадхэмрэ стратегие къалэнхэмрэ я Іэхэуэ» Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. къыдигъэкІа Указым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, щыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэзгухэм ящыщу игъэува мардэхэм къезэгъэхэр 2024 гъэм ирихьэлІэу процент 62-м нагъэсын хуейщ.

«Шынагъэшагъэ зэрыщІэ гъэзгу тэмэмхэр» лъэпкъ проектыр гъэзащІэным хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым автомобиль гъэзгу километр 83,6-рэ щаухэунщ е щрагъэфІкІуэнущ, километр 408,6-рэ щызэрагъэпэщыжынущ, щыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзгухэм ящыщу жылагъуэхэм хиубыдэ километри 181,4-м уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ.

Дызэрыт илъэсым и закъуэ псоми къагъэсэбэп автомобиль гъэзгухэм ящыщу километр 59-м щигъу къагъэщІэрэщІыжыну е зрагъэпэщыжыну къапэщытщ. 2019 - 2020 гъэхэм ирагъэфІкІуэнущ «Новопавловск - Прохладнэ - Мэздэгу», «Дей - Курп Ищхьэрэ - Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и гъунапкхэ», «Бабугент - Безенги», «Шэджэм ЕтІуанэ - Булунгу» гъэзгухэр къызыхэутыншэу зэрагъэпэщыжынущ Щхьэлыкъуэ - Каменкэ», «Балькъ - Ингушлы», «Куба - Псыхьэрей - Крем-Константиновкэ» автомобиль гъэзгухэр, нэгъэущІэхэри.

РайонитІыр лэжьыгъэ ІуэхукІэ къыщызэхикІухьым КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. щыгъуащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ и министр Къунижь В. Хь.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

2019 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Зи щхьэр тхъуа волонтёрхэм я япэ центр Налшык къыщызэІуахащ

«ГукІэ щІалэхэр» зыфІаща щыналъэ центр Налшык къалэм щылажьэу хуежьащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр зи ныбжьыр хэкІуэтахэм ящыщу нэхъыбэ волонтёр лэжьыгъэм къыхэщэнырщ, социальнэ проект пыухыкІаэхэр гъэзэщІэнырщ. Мы центрыр къызэІухьыныкІэ сэбэп хъуащ нэхъыжьхэм ящыщу жыджэрагъ зыхэлъэ ди волонтёрхэр «ЩІэблэхэм я гукъинэ» урысейпсо конкурсым зэрыщытекІуар. Абы къырихьэлІауэ щытащ къэралым и щыналъэу 65-м я лІыкІуэхэр.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм зыбжанэ лъандэрэ хъарзынэу щагъэзащІэ «Зи щхьэр тхъуа» волонтёрхэм я проектхэр. Абыхэм гъэ къэс социальнэ къалэн пыухыкІаэхэр дагъэкІ. «ГукІэ щІалэхэр» центрым фи щыналъэм Іуэху гъэщІэгъуэн куэд зэрыщигъэкІуэкІынум щэч къытесхьэркъым. Дэри а центрым тхузэфІэкІ псомкІи зыщІэдгъэкъуэнщ», - жиІащ Волонтёр центрхэм я ассоциацэм и лІыкІуэ Валиуллинэ Резедэ.

Ди республикэм и лІыкІуэхэм къадэкІуэу «Зи щхьэр тхъуа» волонтёрхэм я урысейпсо конкурсым щытекІуащ Амурскэ, Белгородскэ, Воронеж, Киров, Ростов, Ульяновскэ, Сахалин областхэм, Чуваш Республикэм, Пермь крайм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Бэв ирехъу

● Гъавэ-2019

Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэхэм мы зэманым гъавэхэкІыу тонн мини 107-м нэс Іуахыжащ. Ар нэгъабэ яІам нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэщ.

«2019 ГЪЭМ ди мэкъумэшыщІэхэм хьэцэпэцэрэ джэшхэкІыу гектар мин 76-м нэблагъэ кърахьэлІэжьын хуейщ. Абы щыщу гектар 50-м щІигъур бжьыхьэсэ гъэдзщ, хьэцэпэцэр мин 8-м фІокІ.

Гъэр къиину зэрыщытми емылъытауэ, кІэрТІофыр бэгъуащ, нэхъ пасэм щыщу гектар 1300-м къыщатІыжащ.

ІэщіагъэлІхэм дызэрыщагъэгъуэзамкІэ, гъавэ нэхъыбэ щІым къытрахащ иджырей мэкъумэш техникэхэмкІэ зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ, щІым елэжьыным хуэІэкІуэлъакІуэ, жылапхъэфІ хэзыса хозяйствэхэм. КъБР-м и гъавэгъэкІэр хьэцэпэцэрэ нартыхуу тонн зы мелуанкІэ мэгугъэ.

ДЫГУЖЬ Бэч.

Нэкъусаныгъэхэр къыщІагъэщ

● Ерыскъыхэкіэр

«Роспотребнадзор» Іуэхущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм мы махуэхэм къепщытэ гъэшхэкІым елэжьу ди республикэм ит предприятэхэмрэ фермер хозяйствэхэмрэ къыщІагъэкІ шхыныгъуэхэр я фІагъкІэ зыхуэдэр.

ГЪЭШХЭКІЫУ 52-м нэс къапщытащ. Абы хеубыдэ шэр, къъуейр, къъуей лъалъэр, шху лІэужьыгъуэхэр. Псом япэу зрагъэлъэгъуащ ахэр щахъумэ щІыпІэхэр: пэшхэр, щІыпІалъэхэр, хьэкъущыкъуэхэр, кьабзагъэм и мардэхэм зэрыхуэкІуэр. Сату щІапІэхэм зекІуэн хуей мардэхэм къемызэгъ ерыскъыхэкІыу 80-м нэс къыщагъэтащ.

Гъэшым елэжьхэмрэ ар зыщІэхэмрэ ящыщу 230-р административнэ жэуапым ирашэлІащ, псоми зэхэту сом мин 250-рэ ирагъэпшынымэ тезыр тралъхьащ. КъэпщытакІуэхэм къызэрыхагъэщащмкІэ, гъэшым и щытыкІэм адэкІи тКІийуэ кІэлъыплъынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Тхылъыщіэ

Беслъэней жылэм и блэкІамрэ и нобэмрэ

Иужьрей илъэсхэм тхыдэджэхэм, лъахэхэтэхэм къэралым и къалэхэм, къуажэхэм я тхыдэр джыным нэхъ жыджэру гулъытэ хуащІ хъуащ. Жылагъуэ щхьэхуэхэм я къекІуэкІыкІар зэхуэхьэсыжыныжьэ, ар утыку къихьэжыныжьэ Іуэхугъуэ пыухыкІаэхэр щызэфІагъэкІащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэми. Апхуэдэ зы лэжьыгъэщхэущ иджыблагъэ абы къыщыдэкІа «Аул Бесленей. История и современность» тхылъыр. Ар и Іэдакъэщ Іэкіщ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэрэшей-Шэрджэс институтым тхыдэмрэ археологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ пажэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Къардэн Асият.

КъШР-м и Беслъэней жылагъуэм и блэкІа жыжьэмрэ и нобэмрэ зэпызыщІэж тхылъщ мы къыдэкІыгъуэр. Беслъэнейкэр адыгэ лакъуэ 12-м ящыщ зыщ. Ахэр щыпсэуащ Уарп, Лабэ псыхэм я зэхуакум. Кавказ щхьэм и уэмыхэ хэкум кьинар Тазартыкъуей, Дохъушыкъуей, Кургъокъуей, Бэчмырзей жылэхэм дэсахэрщ. Тазартыкъуей илъэужьмрэ и фІэщыгъэ 1929 гъэм Беслъэнейкіэ яхъэужащ. Нобэ абы щыпсэухэм беслъэнейкІэ иоджэ.

Тхыдэ жыжьэм къызэрыхэщыжьымкІэ, беслъэнейхэм я лъабжьэр къыщежьэр Къэбэрдейрщ. Апхуэдэ Іуэху еплъыкІэхэр Нэгумэ Шорэ, урысей этнограф, кавказыдж Люлье Леонтий, нэгъэущІ щІэныгъэлІхэми я лэжьыгъэхэм кахощыж. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абыхэм я кьежьапІэм къыщыщІедзэ Къанокъуэ, Щолэхъу, Бэчмырзэ пщыхэм я деж.

Беслъэнейхэр я бжыгъэкІи я псэукІэкІи адыгэ лъпкъхэм я нэхъ лъэщхэм ящыщ зыт. Ауэ абыхэм ящыщ куэд Кавказ зауэм хэкІуэдащ, нэхъыбэж Тыркум Іэпхъуащ. Къэнахэм я тхыдэр, адрей адыгэ лІакъуэхэми хуэдэу, къыгуэхьипІэ имыІэу епха хъуащ Урысейм ис адрей лъэпкъ псоми я натІэ къыркІуам. Лъэхъэнэ хьэлъэ куэд къызэринэкІами, лъэпкъым ипкъ кІуэдакъым, абы и щыхьэтщ и тхыдэ кьулеймрэ нобэ иІэ псэукІэмрэ. А псоми зэхэхауэ щыпсэухьуфынущ тхылъым, апхуэдэуи беслъэнейхэм я щІыхь щэджащэхэми я гъащІэм ухигъэпльэнущ.

Тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэкі Къардэн Асият пэублэ псалъэм къыщыхигъэзащ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэр щІалэгъуалэм я блэкІар ящІэу, хэкупсэу къэтэджэнымкІэ, апхуэдэуи Беслъэней жылэм дэлъа хабзэфІхэр хуэмэнымкІэ, абы тету адэкІи псэунымкІэ лэжьыгъэ щхьэпэ хъуну зэрыщыгугъыр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Налшык къалэ

Лъэс лъагъуэр ягъэдахэ

Налшык и ХьэтІохъущыкъуэм и жыг хадэм лэжьыгъэ щыхьэхуэхэр къыщрахьэлІэ.

КУЭДЫР зэрыщыгъуазэщи, ди паркым и лъэс зекІуэнІэ нэхъыщхьэхэр плиткэ нэхъыфІ дыдэхэмкІэ къыщыкІащ. Ахэр Іуэвщ, куууэ хэгъэтІысхьащ, зэман кІэщым къимылъэлъэжьын хуэдэу. Мы махуэхэм щІадзауэ йолэжь Долинск дэкІуей гъэзгум, Щоджэнщыкім и уэрамым бгъурыкІ лъагъуэм. Курзалым нэс ягъэдэхэнущ, «Водогрязелечебница»-м и унэм и Іэгъуэблагъэри къызэщІиубыдэу.

УхуакІуэхэм ипэкІэ телъа асфальтыжьыр трагъэкъэбзыкІащ, зэтес ящІауэ плиткэфІхэр ирагъэзагъэ. Лэжьыгъэм йопІащІкІ, пщэдджыжьым жьыуэ паркым къыщызыкІухьэхэм куэдрэ зэран хуэмыхъуэн щхьэкІэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 18, *махуэку*

♦Манделэ Нельсон и дунейпсо махуэщ. 1918 гъэм къалэхуащ. Щыхуэм и хуитыныгъэхэр къызэпамыдыным и бэнакІэ лъэщ, ЮАР-м и президенту щыта, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэ Манделэ Нельсон.

♦УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и органхэм я хозяйственнэ Іэнатіэм пэрытхэм я махуэщ

♦Испаниэм щагъэлъапІэ Лэжьыгъэм и махуэр

♦64-нэ гъэм Рим къалэм (Италие) мафІэсыщхуэ къыщыхъуат. Зэрыкъалэу исауэ жьпІэ хъунут абы - район 14-м щыщу къэнар 4 къудейт.

♦1898 гъэм къызэрагъэпэщащ Испаниэм и «Атлетик Бильбао» футбол командэр.

♦1932 гъэм Тыркэр Лъэпкъхэм я Лигэм хагъэхьащ.

♦1941 гъэм Кьардэн Кьубатий япэ фашист кхъухьлъатэр къриудыщащ.

♦1944 гъэм СССР-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и къэрал комитетым унафэ кьищтащ Донбассым и фІамыщІ кхъщІэхьпІэхэр зэфІэгъэувэжьым теухуауэ.

♦1985 гъэм урысей программист Пажитнов Алексей зэпкърилъхьащ дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм ящыщ хъуауэ щыта «Тетрис» зэрыджэгу Іэмэпсымэр.

♦Адыгэ джэгуакІуэ **Мыжей Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик, 1957 - 1985 гъэхэм СССР-м нэгъэущІ къэрал Іуэхуэмкіэ и министру, 1985 - 1988 гъэхэм Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэщ Іу щыта **Громыко Андрей** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, литературовед, искусствовед **КІурашын БетІал** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, режиссёр, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугъэтхэр зрата **Евтушенкэ Евгений** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей опернэ зэрэджьыІакІуэ цІэрыІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, саугъэт зэмылІэужьыгъуэ куэд зыхуагъэфащэ **Казарновская Любовь** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр **Мединский Владимир** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 19, *мэрем*

♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ и министерствэм и юридическэ Іэнатіэм и махуэщ

♦Тыркумэным щагъэлъапІэ Гъавэм и махуэр

♦1900 гъэм Франджым и къалащхьэ Париж метром лэжьэн щыщІидзащ.

♦1903 гъэм лъакъуэрыгъажэмкІэ ягъэ дунейпсо зэпеуэр екІуэкІащ.

♦1918 гъэм РСФСР-м къару щигъуэтащ япэ Совет Конституцэм.

♦1920 гъэм Урысейм кІыщызэрагъэпэщащ къэралым щІэныгъэншагъэр щыгъэкІуэдыным пыщІа Іуэхугъэр зэкІэлъызыгъэкІуэну комиссэ.

♦1924 гъэм къыдэкІащ «Красный спорт» (идж ы - «Советский спорт») газетым и япэ номерыр.

♦1926 гъэм Екатеринослав къалэм и цІэр Днепропетровск жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦1941 гъэм Сталин Иосиф СССР-м зыхъумэжныныгъэмкІэ и наркому ягъэуващ.

♦1942 гъэм Кьардэн Кьубатий Березовскэ щІыналъэм фашист кхъухьлъатитІ къыщІридыдзат.

♦1952 гъэм Финляндиэм и президент Паасикиви Юхо Хельсинки къыщыщІыуихащ ХV гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэр. Совет Союзым щыщ спортсменхэр ягъэ зыхэтар а Олимпиадэрщ.

♦1980 гъэм Москва щыщІидзащ ХХІІ гъэмахуэ Олимп Джэгуэхэм. СССР-м и командэ къыхэхам абы къыщихьэуэ щытащ медали 195-рэ. Советыдзэхэр Афганистаным зэрырашар хабзэншагъэу къызэралъытэр къырагъэлъагъуэу, Олимпиадэм къэкІуатэкъым къэрал 50-м щІигъум я спортсменхэр.

♦1996 гъэм Атлантэ (США) къыщызэІуахащ ХХVІ гъэмахуэ Олимпиадэр. Спортсмен нэхъыбэ дыдэ зыхэтар а зэхьэзэхуэхэрщ - цІыху 10744-рэ.

♦БзэщІэныгъэлІ, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академиэм и академик, Нэгумэ Шорэ и Іэдакъэщ Іэкіхэр зыджа **Мещанинов Иван** къызэралъхурэ илъэси 136-рэ ирокъу.

♦ХХ лІэщІыгъуэм и усакІуэ нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэу щыта **Маяковскій Владимир** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубэ артист, режиссёр, тхакІуэ **Ливанов Василий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджьІакІуэ, актёр, кинорежиссёр, Куржьм и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Кикабидзе Вахтанг** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ боксёр цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэхэм мызэ-мытІэу щытекІуэ, Киев къалэм и Іэтащхьэ **Кличко Виталий** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

И щхьэр матэщ, и жьэр джатэщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІэщІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

2019 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2019 гъэм и япэ кварталым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджетщ) гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и отчётым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэльагъуэ отчёт лъэхъэнэм хэхъуэхэмкІэ республикэ бюджетыр сом мин 6628602,4-кІэ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс планым тещІыхьауэ процент 19,4-кІэ гъэзэщІа зэрыхъуар, абыхэм ящыщу налог хэхъуэхэр сом мин 2474425,5-рэ, налогхэм ящымыщ хэхъуэхэр сом мин 128102,5-рэ, ямыпшынымыжыну къаІэрыхьа ахъшэр сом мин 4025074,5-рэ зэрыхъуар.

Отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетым и налог хэхъуэхэм я хэкІыпІэ нэхъыщхьэу щытащ акцизхэр зытехуэ товархэм тралъхьа акцизхэр, цІыхухэм я хэхъуэхэм тралъхьа налогхэр, организацэхэм къалэжь фейдэм техуэ налогыр, мылъкым техуэ налогыр. Акцизхэр зытехуэ товархэм я акцизу отчёт лъэхъэнэм сом мин 838580,3-рэ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс планым и процент 25,6-рэ къаІэрыхьащ. 2019 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетыр цІыхухэм я хэхъуэхэм тралъхьэ налогхэм я хьэжькІэ сом мин 720975,9-кІэ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс планым и процент 22,2-кІэ ягъэзэщІащ. Организацэхэм къалэжь фейдэм техуэ налогыу сом мин 429758,7-рэ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс планым и процент 25,3-рэ зэхуахьэсащ. «Мылъкым техуэ налогхэр» Іыхьэмкіэ 2019 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетым и хэхъуэхэр сом мин 326497,0-рэ, нэгъэущІу жыпІэмэ, илъэс планым и процент 18,3-рэ мэхъу.

2019 гъэм и япэ кварталым и республикэ бюджетым и хэщІхэр сом мин 5740792,0-рэ, илъэс планым елъытауэ процент 16,7-рэ хъуурэ щытащ. А бжыгъэхэм япкъ иткІэ отчёт лъэхъэнэм республикэ бюджетым и профицитыр сом мин 887810,4-м нэсащ.

А псоми япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. 2019 гъэм и япэ кварталым республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётыр къэлъытэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэу къащтахэр и зэманым ахъшэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ, ахэр гъэзэщІэным къыпэкІуэ сэбэпыначъэр зэІэтыныкІэ зыхуэфащэ Іуэхугъэр зэфІигъэкІыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну къалэн щыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ и комитетым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№1109-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт Ульбашев М. М. 2014 - 2019 гъэхэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа информацэр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыбгъэдэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІыкІуэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт Ульбашев М. М. 2014 - 2019 гъэхэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа информацэр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№1114-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыгъуэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б. ищІа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№1115–П-П

Гурыщ1э къабзэхэм я пащтыхь

● Балъкъэр усакІуэ телъыджэ Зумакуловэ Танзиля нобэ илъэс 85-рэ ирокъу

Псом япэ ит

Балъкъэр усакІуэ Зумакуловэ Танзиля Іуащ1ыэмахуэ районым хыхь Гирхожан жылэм 1934 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м къыщ1алъхуащ. Абы и сабийгъуэр з1ау нэужь лъэхъэнэм ирихьэл1ати, а зэманым и гуръуечь псори игъэващ. 1940 - 1944 гъэхэм ар щеджащ къуажэм дэт пэщ1ыдзэ еджап1эм. Адэк1э щ1эныгъэ зэгъэгъуэтыным щыпищар балъкъэр лъэпкъыр щ1ащ Къыргызстан.

ИДЖЫРИ школым щ1ысу литературэм и къару щигъэунэхуу хуежьащ Танзиля. И япэ усэкэр 1954 гъэм дунейм къытехьащ. Газетхэмрэ журналхэмрэ 1956 гъэм щегъажьауэ къытохуэ и Іэдакъэщ1ак1эр. Урысыбзэк1э зэрадзэк1ар «Пионер», «Дон» журналхэм, «Поэты Балкарии», «Голубые огни» усэ тхылъхэм ихуащ.

1959 гъэм къыдэк1ащ «Къаяда гюлле» («Цветы на скале») и япэ усэ тхылъыр, усакІуэ бзылъхугъэм и зэфІэк1ыр зыгъэлъэгъуар. Абы гурыІуэгъуэ ищ1ащ къудк1э узыщ1игуръ хъун усак1уэ хъарзынэ литературэм къызэрыщ1ыкуар. 1961 гъэм Зумакуловэр хагъэхьащ СССР-м и Тхак1уэхэм я зэгухьэныгъэм. 1968 гъэм абы Литературэ курс нэхъыщ1хьэ Москва къыщ1ухащ. И усэхэр куэду дунейм къытехьэу хуежьащ, ди языралым щыпсэу лъэпк1э зыбжанэм я бзэхэмк1э зэрадзэк1 хъуащ. 1970 гъэм «Тау аяз» («Прохлада гор», 1967), «Чирахтан» («Светильник», 1969) и тхылъхэм къыпэк1уэу Танзиля къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэ саугъэтыр. Абы и усыгъэм къэралпсо литературэм нэрылъагъуу увыпІэ щ1ыхьэу щ1ебыд.

Горький М. и цІэр зезыхьэрыр Къэрал саугъэтыр 1977 гъэм къыхуагъэфэщащ (1974 гъэм къыдэк1а «Сокровенность» тхылъым папщІэ). 1982 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэк1э абы къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьэ усакІуэ» цІэ лъапІэр. Илъэсит1 дэк1ри, лъэпк1 щэнхабзэм и зыужьныгъэм хуищ1 хэпъхьэныгъэм къыпэк1уащ Пъэпк1э зэныбжьэгъуныгъэм и орденыр. 1994 гъэм ар Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и щ1ыхьэ усакІуэ хъуащ, а гъэ дыдэм Чувашием и литературэ саугъэтри къратащ. Зэман зэмылІэужьыгъуэхэм Зумакуловэ Танзиля и зэфІэк1ыр къалъытащ РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м, БЛКСМ-м и ЦК-м, РСФСР-м, СССР-м и республикэ, хэгъэгу зыбжанэм я фІыщІэ, щ1ыхь тхылъэмк1э.

1957 гъэм щыщ1эдзауэ бзылъхугъэр жыджэру хэтщ ди республикэм къэралми я жылагъуэ лэжьыгъэм. Мызэ-мытІэу ар хахащ Налшык къалэ советым и депутату. УсакІуэр хэтащ СССР-м и Тхак1уэхэм я зэгухьэныгъэм и ревизионнэ комиссэм, РСФСР-м и Тхак1уэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм, ТхЫБР-м и Тхак1уэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и президиумым, Тхак1уэ зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо Іуэхущ1апІэм и исполкомым.

Танзиля и усэ тхылъу 30-м щ1игъу дунейм къытехьащ. Абыхэм ящ1ыщ «Тауланы жыры» («Песня гор». 1962), «Дым очага» (1965), «Радуга над домами» (1968), «Молчание» (1972), «Сокровенность» (1974), «Весна в горах» (1982), «Тхыгъэ къыхэхахэр» тхылъитІу (1994), нэгъуэщ1хэри. Зумакуловэм и гуащІэм гулъытэ щ1ыхущ1ыр ди республикэм, къэралым и закъуэкъым, атІэ и зэгъуащІ щ1ыпІэ куэдми абы и Іэдакъэщ1ак1эр ящ1ащІэ. Усыгъэр къызэригъэІурыщ1ам тепщ1ыхь ар ябгъэдэбгъэувэ хъунущ Гамзатов Расул, К1ыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ.

Танзиля и гуащІэр къыщежьэр, абы и къигъэхъуапІэр лъэпк1э лирикэрэ, щ1ыхубзэм къигъэщІа Іущ1ыгъэхэрщ. «Си дежк1э лъэпк1э Іуэрыпуатэр лъапІэ дыдэщ, зэрыжаІэу, си анэм и быдзышэм щ1игъуу къыспк1ерыхьащи, си лэжьыгъэм абы мыхьэнэшхуэ щ1ин1щ», - жеІэ Танзиля.

Зумакуловэр си Іэдакъэщ1эк1эр тхауэ дунейм къытехьа, газетхэм, журналхэм традза япэ балъкъэр усакІуэ бзылъхугъэщ. Абы ипэк1э псэуахэм яуса уэрэдхэр зы жьэм жьэдэк1ым адрейм жьэдыхьэу къеК1уэк1ауэ аращ. Танзиля и «Горские поэтессы» усэм къыхощ ар зэригуныкъуэгъуэшхуэр, япэу ущытыным эзуаплъныгъэу пылъыр къыдэрыгрыуэри жеІэ.

Зумакуловэ Танзиля и гъащІэр кыгуэхыпІэ имыІэу епхащ къыздэк1а и лъэпкъым. Абы и Іуэсу бзылъхугъэм ишэчащ гугъехь куэд, къыщ1алъхуа щ1ынальэм пэІэщІэу илъэс 13-к1э псэун хуей хъуащ. 1957 гъэм и лъэпкъым и Іуэсу къигъэзэжа иужь, балъкъэрэм гуапэу хъахущ1та къыргъыз щ1ынальэм и щ1ыхуэм и уэсу сатырхэм к1уапэу захуигъэзэгъащ.

КЪЫЗЭРЫГУЭК1 щ1ыхуэм и гъащІэр, дыкъэзыухъурейхь дунейр, щ1ыхуэр а дунейм зэрыхуущытыр - ахэращ Танзиля и гуащІэм щигъэнэхъапэр. КъыкІэлъокІуэ езы щ1ыхуэхэм я зэхущытык1эр, къыщ1алъхуа щ1ынальэм, лъахэм хуаІэ фІыщ1агъуныгъэр къэгъэлъэгъуэныр. А гурыщІэхэм я зэхэлъык1эр къитІэщ1ык1эрэ езым и епГыкІ. Іущхэхэм дыщегъэгъуазэ, апхуэдэуи ахэр тхъумэн зэрыхуейм дыщІепІыкІ. Лъагъныгъэм увыпІэ щхьэхуэ хухех усакІуэ бзылъхугъэм ик1и и щхьэр течауэ а гурыщІэ дахэм и гугъу ещІ.

Лъэпкъым и гуфІэгъуэри гуэзвэгъуэри, екъуІэныгъэри гугъуехьри, къанэ щ1ымыІэу дзэзыгъэш бзылъхугъэ усакІуэм и дежк1э псом нэхърэ нэхъапэр къэзыльхуахэм, къызыхэкІам хуэпэжныырщ. Абы и усэхэр ГъащІэм и пэжыр къэзыгъэлъагъуэ зашІэщ, фІым ущагъэзыгугърэ гугъапІэ дахэхэр къуату.

ИСТЭПАН Залинэ.

Насыл къозыт хуитынытъэ

БАЛЪКЪЭРЫМ и усакІуэ нэхъыфІхэм я гупсысэр, я цІыхугъэр, я образхэр къызыхахар я лъэпкъым и Іуэрыпуатэрщ. Образ щ1эщ1гъуэхэр, гухэлъ узыІэпымащ1эхэр я нэщэнэщ Зумакуловэ Танзиля и тхыгъэхэмм. Абы и усэхэр бзэ куэдк1э зэрадзэк1ащ. Иджы ар хабжэ лъэпкъ куэду зэхэт сонет усыгъэм и усакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэм. Мы сатырхэр зейр Зумакуловэрщ:

Къэзылэжьым тхэну
хуитынытъэ
ХураІэт и щ1ыхьыр и усыгъэм.

К1эщІрэ Іущ1ыгъэ хэлъу жиІащ. Ар и щ1ыхьэтщ Танзиля гурыщІэ куу1к1э усэну зэрыхущ1экъуэм. Зумакуловэр Іуэхум тк1ийуэ бгъэдэт усакІуэщ. Аращ къызыхэк1ри напэ иІэу, пэжыгъэ хэлъу, жьэнахуэу щ1ытиныр. Апхуэдэ фІэщ1хъунытъэншэу усакІуэшхуэ уху-фынукъым. Ик1и ечэлеиныгъэ лъэпк1э хэмылъу жьитІэфынущ Танзиля тхэну и1э хуитынытъэмк1э зэрынасыпыфІэр.

Нащ1эбжьэ куэд зыльэгъуа, ауэ и тхыдэм щ1ыщу нэхъ лъэхъэнэ хьэлъэ дыдэм къела, гугъапІэфІхэр имыгъэкІуэдурэ уэрэд гъуэзэджэхэр зэхэзылъхьа балъкъэр лъэпкъыр иригушхуэ хъунущ Зумакуловэ Танзиля хуэдэ усакІуэ къызэрыхэк1ам.

Бахъсэнышхьэ и къыр зэхуакъэм дэс Гирхожан къуажэ щ1ыкІум удзэшэ мывальэ лъагъуэхэм къыщ1ызыхьа хъыджэбз щ1ыкІыр усыгъэр фІыуэ зыльагъу псоми къацІыхуа усакІуэшхуэ хъуащ.

Іуэрыпуатэ усыгъэм и статыр телъыджэхэр къэзыгъэщІа балъкъэр щ1ыхубз Іэджи къэзыщ1ыху щ1агъуэ щ1ымыІэу ехыжащ дунейм. АтІэми, нобэ дызыгъэгуфІэ, ди нэпсхэр къезыгъакІуэ сатырхэр гум къыщ1ешыкъыпІэк1э фІыщ1э зыхуэтщ1ыр ахэращ, а сатырхэр дунейм къытхутезынахэрщ.

Зумакуловэ Танзиля дуней псом къыщ1ащІыхуа япэ балъкъэр щ1ыхубз усакІуэщ. Аращ дэ абы гулъытэ хэха щ1ыхуэтщ1ри. Урысей Федерацэм и лъэпкъэм я щ1ыхубз усакІуэхэм ящ1ыщ Горький М. и цІэк1э щ1ыІэ Къэрал саугъэтыр япэ дыдэу зэрратар Зумакуловэ Танзиляр. А саугъэтышхуэр къыщ1ыхугъэфэщам, Танзиля и усэхэр фІыуэ зыльагъу тхылъеджэхэм яІа гуфІэгъуэр щ1энэщэ. Си гугъэщ, усакІуэм уэрэпсолъхьк1э, ар къыщ1алъхуа, къыщ1ыхьуа, и творчествэр къыщежьа щ1ыпІэми и гугъу щ1ын хуейуэ. УсакІуэм зэрызыхищ1ам хуэдэу зыми зыхищ1эфынукъым щ1алъхуа щ1ынальэм и теплъэр, а щ1ынальэм и бзэр абы къызэрыгурыІуэм хуэдэу нэгъуэщ1хэм къагурыІуэфынукъым. Аращ п1эщ1ыгъуэ Іэджэ щ1ауэ къызэрекІуэк1ыр. Апхуэдэущ зэрыщ1тар Гёте, Пушкин, Мечиев Кязим сымэ. Аращ зэрыщ1тым хуейри.

ЖЫСІЭФЫНУЩ Танзиля бгыхэм, къурш гъуэгуэхэм, жыгхэм, щхьэмыжхэм, сэхуранхэм, мывэхэм я бзэр къыгуриуэу. Пэжщ, къыгуроІуэ абыхэм я бзэр. Ар - усакІуэщ. Мы иджыпсту жыс1ахэм щ1ыхьэт тохъуэ Танзиля и усэхэр. Абыхэм нэхъ щ1ыхьэтыфІи къэгъуэтыгъуейщ, сыту жыпІэмэ, усэм фэрыщ1агъ хэплъхьэфынукъым, «усакІуэр зэрыпсалъэр зэрыбауэм хуэдэ дыдэущ». Дыгъэ бзийжэ зытелыдыкІ къурш щ1ыгуэгэ - Іуащхьэмахуэ, Ушбэ, Шхельдэ - щ1ыуэпсым тетыджащэрэ гъуэзэджэу къигъэщІахэр япэ дыдэу зыпІэагъуэм жаІэ хабзэщ, мы щ1ынальэм укъыщ1алъхуамэ, ущ1ыпсэумэ, усакІуэ умыхьункІэ Іэмал имыІэу. Си гугъэщ а лъахэм къыщ1алъхуар ик1и къызэрыгуэк1ыу, ик1и усакІуэшхуэу щ1ытыфыну. Апхуэдэ щ1ынальэм и усакІуэу щ1ытын насыпыр куэдым къариты ркъым. Ауэ щ1ыхьк1э, Танзиля и насып т1ыащІэу къик1ащ. Мечиев Кязим къытхигъэна уэсятым хуэпэжу, Зумакуловэм етх: «Абы и уасэр сыт хуэдизми, пэжыныгъэщ1 сызыхуейр». А псалъэхэр т1ки1 къудейкъым, атІэ жауаплныныгъэщхэри зыхэлъщ. Къалэныш1хуэ ик1и гугъу дыдэ зыхуеГъэуэвыж усакІуэм, усакІуэ къалэныр зэи тыншу щ1ымытами. Сэ сыт щ1агъуи сигу ирихьу щ1атащ, ноби ирохь Танзиля усыгъэм, усакІуэ Іэщ1агъэм зэрыхущ1ат щ1ык1эр. Шэч хэмылъу, Зумакуловэр щеджар езым и пэк1э щ1ыІа балъкъэр бзылъхугъэ нэхъыжьхэм я деж и закъуэкъым, атІэ дерсышхуэ хуэхъуащ урыс, дунейпсо усакІуэ нэхъ ин дыдэхэм я Іэрык1эрэ.

СЭ БАЛЪКЪЭР Музэр зэрыткІийр жыс1ак1эщ. Ди литературэм и апхуэдэ щ1ытык1э щ1ьхэхуэр епхащ дыщ1алъхуа щ1ынальэм и щ1ытык1эм, балъкъэр лъэпкъым бзыэ-ринэк1а гъэзугъэ хьэлъэм. Ди Усыгъэм щ1ыхуэхэр хуригъаджэу щ1атащ, ноби хуреГъаджэ, хуеГъасэ бэшэчныныгъэм, гъащІэр фІыуэ лъагъуным, лЫгъэм, лэжьыгъэм. Балъкъэр Музэр езы балъкъэр щ1ыхубзхэм, ди анэхэм, гуапагъэ тхэлъэр гъащІэ тк1ийм дыпэщ1этыфу дызыгъэсахэм, ещхьщ. Ди лъагъныгъэщхуэмрэ зихуэдэ щ1ымыІэ ди бэшэчныныгъэмрэ зи фІыщІэр ахэращ. Бзылъхугъэ усакІуэм и творчествэм щ1эзэхуэхэщ ди адэжь щ1ынальэ телъыджэм и пльыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр - нэхъыщхьэ дыдэращ, балъкъэр лъэпкъым и хьэл нэхъыфІхэр. Си гуапэу къыхэзгъэщ1ынут балъкъэр щ1ыхубз усакІуэ Зумакуловэ Танзиля и пІэм дилъхьажа къалэн хьэлъэр щ1ыхь пЫлъ, игъащІэ лъандэрэ дэтхэнэ усакІуэми и натІэм къызэрыритхам хуэдэу, зэрихьыр. Утхэну хуитынытъэ уиІэн насыпыр къозытыр зэчийрщ. А насыпыр зритахэм ящ1ыщ Зумакуловэ Танзиля.

КУЛИЕВ Къайсын. *1983*

ТхакІуэ цІэрыІуэхэм къыхужаІахэр

Зумакуловэ Танзиля и усэхэр гъынанэу тхьэусыхэркъым, фэрыщІуи нэжагужну хэтхым. Усэ гъуэзэджэхэщ - гум дыхьэу. Апхуэдэ гурыщІэ усэм хэзылъхьэфынур гуапагъэкІэ гъэнщІа зэчиишхуэ зиІэрщ...

КУГУЛЬТИНОВ Давид.

Танзиля сэ фІыуэ соцІыху. Ар тыркубзэкІэ тхэуэ дунейм тетхэм я нэхъыфІхэм ящ1ыщ зыщ. Ди Азие Курыптэр къапщтэмэ, щ1ыхубзхэм ящ1ыщ поэзием къыщ1ыбл1э вагъуэ нэхъ ин дыдэр Зульфиящ. Кавказым екъэІлауэ къапщтэмэ - апхуэдэ вагъуэу къэлпльитэ хьунур Зумакуловэ Танзилящ.

АЙТМАТОВ Чингиз.

Зумакуловэ Танзиля гупсысэшхуэ зиІэ усакІуэ гу щабзщ. Абы хулъокІ псалъэкІэ дэтхэнэ зы щ1ыхуми и гум дыхьэну.

ОШАНИН Лев .

Зи гурыщІэмкІэ, зи гупсысэм и кууагъымкІэ хьэрэмыгъэнщІэу узыгъэпІейтеиф лирик Іэзэщ1 Зумакуловэ Танзиля.

ДОРИЗО Николай.

И фІагъкІэ къапщтэмэ, Зумакуловэ Танзиля и творчествэр зыбгъэдэгъэувапхъэр Твардовский Александр, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, Мустай Карим, К1ыщокъуэ Алим, Исаковский Михаил, Межелайтис Эдуардас, Смеляков Ярослав, Тычинэ Пабл2, Бровкэ Петрус, Кулиев Къайсын, Марцинкявичюс Юстинас, Бажан Миколэ, Зульфия сымэ хуэдэ усакІуэ гъэзэзджэхэу дунейпсо литературэр зэрыгушхуэхэрщ.

БАРУЗДИН Сергей.

ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля

Си щ1ылъэ, фІыуэ узолъагъу

Мо уэшхыр и щхьэ зэрыхуит!
Къыщ1ошх, хуейм, къуршым,
Хуеймэ - тафэм.
Ар къошх, хуейм, махуэ,
Хуейм - махуит!...
Аращ укъыщ1алъхуамэ уафэм!

Бэлыхь щ1ым къыщ1алъхуаэхр хэтщ.
Мес, псыежэхым, дэтщІи нэпкъым,
И гъащІэр ехь хузауэ и пкъыр,
Льэпощхьэпохэри и куэдщ:

Зэм къыпоувар къыр мывэжьыр,
Зэм къыпогуэлъыр жыг къуэар.
Зым къыпежьых, зым здрехьэжьэ...
Ещхьщ щ1ыхуми и псэукІэм ар.

Си плъапІэм, семыхьауэ гугъу,
ЛьэІэскъым зэи си Іэр. Ауэ,
Нэгъуэщ1 тыншыпІэ сыхуэмейуэ,
Си щ1ылъэ, фІыуэ узолъагъу!

* * *

Щ1ымыІэ игъащІэм сэ пэжым пэсщІа.
ИтІани зэгуэрым мыращ къысщ1ащІар:

...Сыдэтт сык1ІужжаУэ ди къуажэм
а махуэм.
Уэрамым зы лЫжь сыщ1ыхоззэ
т1эк1у сц1ыхуу.
Сэлам абы щесхым, гупсэхуу сеплъат -
Гъэшат а тхьэмыщк1эр,
и нэк1ури зэлъат.
ЛЫжь кхъахэм арыхХэу
сэ пц1ы хузоупс:
- Бэлыхьу зыпІЫгъщ
уэ иджыри, бгырыс!
Нэгъуэщ1 зы хэлъакъым.
Къохъуж ар щ1эрыпс -
И башыр къеІыхи, ухуейм, шым гъэшэс!
-
ИЫыгщ и бгыр захуэу,
иЫгъщ и щхьэр лъагэу...
И гъуэгу техьэжащ, плъэуэ япэк1э пагэу.
...Зымахуи апхуэдэ лЫжь
гуэр сыкІуэззат.
И теплъэм абыи бэлыхь сыхидзат.
Зи гъащІэр сфІэхьэлъэу
мо сигу зыщ1эгъуам
Сымыщ1эт сэ пэжк1э сещ1ын
хуей щ1эхъуар.
Арати къысхуищ1у и гугъу
абы жьыгъэм,
Жьзоі0:
- Хэмылъ, тхьэ, а Іуэхум гуфІэгъуэ.
Ди ныбжьхэр хокІуатэ, ди узхэр мэятэ...
Зихузу-зипІЫту т1эк1у щотри еплъыхьу,
Сольагъур: тхьэмыщк1эм
мэунк1ыфІыр и нитЫр.
Йожьэж и къаужитІыр
ерагъкІэ зэблихьу...

Щ1ымыІэ игъащІэм сэ пэжым пэсщІа.
ИтІани зымахуэ аращ къысщ1ащІар.

* * *

Ди куэдкъэ Іэзэхэр шэч щ1ынкІэ,
Къытхэтхъэ зыри зи фІэщ мыхъу?!
Ерыщ1эм «пц1ы къыщ1эгъэщ1ынкІэ»
ИгъащІэм срагъэхьт с1 гугъу.

Сыц1ыкІуу зэ сыкІуат хадапщІэ,
Ц1ыхуитІым ямыщ1эныр сщ1ат.
Балигъхэм къызжаІат сэ: «Дощ1э
Уи закъуэ ар зэрымыпщІар»...

Сыухэнт сэ си щхьэц кІыхьхэр п1ащэу,
Къыздеджэ ц1ыкІухэм Іуэху сыкъащ1т.
«Уи щхьэцым хамэ щхьэци пощІэ!» -
Къызэщ1эху, си гур сфІыхагъэщІт.

Сыпыхьэу сэ абы я пащхьэ
Щ1ыстІатэрт си щхьэц ухуэнар.
Модрейхэр, зэхущ1ыжу нащхьэ,
Дыхьэшхэхэрт - арат зыхуеяр?..

ПасэІуэу сщ1эртэкъым сыхъуами
Балигъ - си нэк1ущхьитІыр тхъуэплът.
Гъунэгъуэхэр гъумэтІымэрт: «Гъуамэ!
Зыхелъхьэ махуэ къэс сэхусэплъ».

Ди пщІантІэ сыкъыздэлъэдэжти,
Къизэгъэк1ыу «пэжкъым
ар - фыкъеплъ!»,
Си напэр стхьэщ1ырт сэ, с1уэтыжу, -
Нэхъ Іейуэ нэк1ущхьитІыр къэплът...

Сц1ыху гуэрхэм усэ сакъыхуеджэрт.
Къызжа1эрт: «Дэгъуэ дыдэ хъуащ».
ИужькІэ ахэр къысхущ1эджэрт:
«Тхьэм ещІэ къызыф1идыгъуар».

...БлэкІащ илъэсхэр. Си щ1ыбагъкІэ
Иджы щажаІэу зэхэзэмых:
«Щхьэц лей, хидзауэ мащІэу тхъугъэ,
Абы нэгъуэщ1ым къреІых.

Сэхусэплък1э ещІ и нэк1ур фагъуэ,
Іэмалк1э зэрегъалъэ ар...».
Дахащэу си щ1алэгъуэ! Пщ1ыгъуу
Бзэха-т1э къысхуапсэлъу хъуар?

Насыпу срикъунт сэ нобэ:
Жагъуэгъухэм къысщ1ыхуэу я ней,
Си1эжу си1а теплъэр апэм,
Сытетыжьыну т1эк1у дунейм;

Къэзгъэщ1у усэ телъыджащэ,
Щ1ыхъуну зэ1эпах щ1ым ар! -
Зыгуэрэхэр къеджэрэ, чэнджащэу:
«Арауэ п1эрэ мыр зытхар?»

* * *

Хьэдагъэншэу зыдахьи и хьэдэр
Иремыхъу и пщІантІэр си бий дыдэм...

Нобэ л1ати ди гъунэгъу л1ыжь гуэр,
Зыми игъеижьртэкъым ар.
Зимыі0жьм зы Іыхьлыи благъи
Сыхуопыхьэ, жьлэм сыкъалъагъуу...

- Сыт делагъэ! - щ1ыІащ зыгъэщІагъуэ, -
Уэ уэрэдщ, ахъу нэпскъым
уи Іащ1агъэр...

Гуауэм къыщ1имыхум зи нэм нэпс,
Хуэусыну, жьыфІэт, уэрэд нэс?

* * *

- Сытым, гуауэ, сэ укъыс1ухьа уэ,
Щхьэ си жьагъу хьэдэжьхьэуа?
- Фи бжэІупэм арт сынЫ1ухьауэ,
Защ1эу къыІупхащ унэбжэр уэ.

- Жы1эт, хьунум, гуфІэгъуэ, уэ дауэ
Си жьагъу хуабэр къыззрубгынар?
- Уи унэбжэ хуІупхар уэ гуауэм
Игъэуэзщ1ыкІауэ къзбгъэнат...

Зэзыдзэк1ар
БИЦУ Анатолэщ.

ГурыщІэ налкъутналмэсхэм я усыгъэ

Тхэну хуитынытъэ къызыхуэхьыж
Сытым щ1ыгъуи ирейн и щ1ыхьыр.

Мы сатырхэр зи Іэдакъэщ1эк1эр Горький М. и цІэк1э щ1ыІэ Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхубзэ усакІуэ Зумакуловэ Танзилящ.

1934 гъэм щ1ыщхьэ1ум и 18-м Гирхожан балъкъэр жьуажэ щ1ыкІум щ1ыпсэу зэщхьэгъусэхэу Мэрямрэ Мустэфарэ я унагъуэм хъыджэбз щ1ыкІу къ1ихьуащ. Пэжу, ахэр зыпэплъар щ1алэ щ1ыкІут. Къуажэм я бынжэпущІ фызыжьым, бгырысхэм я нэщэнэ куэд ищ1эрт, жиІащ фо кхъуэщ1ын къ1ихьыну. Фызыжьым фор жэз тасым иригъэн, хуэсакъыпэрэ щ1ебир1э унагъэк1э абы зэпхьащ. ИтІанэ псоми зэхахьн хуэдэу жиІащ: «Алыхьым къывитым фыщІигуфІыкІ. ИтІанэ фи мурад, гуращэ псори къ1ывзхъуэлІнщ. Мы сабий щ1ыкІум сэ фІызощ Танзиля. Мы щ1ыкІур унагъэр, Зумакуловэ я лъэпкъыр, зэрыщ1ыту Кавказыр зэрыгушхуэн щ1ыху хъунущ!» Къалъхуагъащ1эм иращ1эк1а дауэдапщэкэ зэфІэк1а нэужь, фызыжь тхьэгурымагъуэм жиІащ: «Ди бийр Іуэрыпуатэм и унагъуэм щ1алэ щ1ыкІуу зэрыщ1ытынур ик1и, т1эк1у дигъэкІри, ик1ыщІигъужащ: «Сыту жыпІэмэ, мы къэхъуэщ1э телъыджэм тэмэму, фыщІигуфІыкІыу фыпежьащи». Абы щ1игъуэ бгырыс фызыжьым и псальэхэм мыхьэнэ ираткъым. АтІэми, псори зэрыхъуар фызыжьым зэрыжиІам хуэдэущ...

Мыжорэпсрэ псалъэкІэ Совет властыр щ1ыпІэхэм щагъэуву щ1ыщ1та а зэман жьыжьэм щ1ыху жьакІуэм, шэчыншэу, пщІэшхуэ хуащ1ыт. Зумакуловэм и адэм, пщэдджькъ гуэрым район активым къызэрыщ1ипсэльэнум зыхуигъэхьэзырти, и Іэхэр ищІурэ пэш зэвыр къызэхик1ухьыт. Илъэсипл1 зи ныбжь Танзиля щ1ыкІу щ1ыму и адэм к1эльыплъыт. Мурэтфа, и пхъум гу лъымытхэху, т1эк1у бэуэну пЫрхъэмк1э щ1ак1ащ. Абдежым адэм къызэхихащ и пхъум и макъ жьгъырур. Адэр дэк1а и гугъэу, хъыджэбз щ1ыкІур зыгуэрым епсальэрт, зыгуэрэр гуригъаІуэу. Пхъум жиІэхэм щедаІуэм, адэр къэуІэбжьащ: Танзиля къыжиІэжьр адэм и псальэхэрт. Адэм Мэрям къриджэри, п1ури хъыджэбз щ1ыкІум ельэІуащ иджыпсту жиІахэм иджыри зэ къьтригъэзэжьну. Хъыджэбз щ1ыкІум, и Іэхэрищ1ыуэ, зэмик1ыгъужэм к1ыбгъэдэувыІуэрэ, адэм и псальэхэр къыжиІэжащ. Апхуэдэу адэ-анэм я п1эдэу гу лъатащ я пхъур къызэрыгуэк1ыу зэрыщ1ымытым. ИужькІэ а хъыджэбз щ1ыкІур Къэбэрдей-Балъкъэрми ди къэралышхуэми щ1эрыІуэ щ1ыхъуащ.

Псалъэ купщІафІэр уахътынщэу, сыту жыпІэмэ, ар дунейм илъэс мин бжыгъэкІэ щапсыхьащи. А псалъэр балъкъэр-къэрэшеибзэм щ1ыпащ1ыхь Зумакуловэ Танзиля щ1ыжиІэм деж, щ1эрыщІэу къопсэужри, и нэхур дэнэкІи щ1ызэбгрихьу дуней псом щ1эзоІольэтэ, гурыщІэ къабзэхэр Тхьэм и Іэмыркіэ тхьілъеджэм игу лъащІэм нихьэсу.

БЕППАЕВ МутІалип.

Зи сатырхэр щІэщ1ыгъуэ

ЛІЭЩ1ЫГЪУЭ пІанэкІэ узэІэбэкІыжжмэ, Зумакуловэ Танзиля и усэхэм япэ дыдэу сыкъыщеджам, сыпэмыплъауэ щ1эщ1гъуэ куэд кхъэзгъэуэтащ. Усэхэм узыІэпашэрти, зэкІэлъхьэужму сыкъеджэу щ1эддащ. Гурыщ1э дэрэжэгъуэм сыкъыз1эщІиІэтауэ, къызгурыІуащ балъкъэр къуршэм я гущІыгъуэ усакІуэщ1э къызэриттэджыкІар. А гурыщІэхэмкІэ сыдэгъэшащ Зумакуловэм и лъэпкъэгъу, куэд щІауэ си ныбжьэгъу Кулиев Къайсын. Си ныбжьэгъуэ жиІащ, пэж дыдэуи, балъкъэр усыгъэр куэдкІэ Зумакуловэм зэрыщ1игъуэр. Абы ПЫандэрэ Танзиля соцІыху и тхылъ гъуэзэджэхэмкІэ. Нобэр къыздэсми фІыуэ солъагъу Танзиля и зэчий нэхур. Абы и усэхэм удахьэх пэжыгъэкІэ, жьэнахуагъэкІэ. И тхылъхэм я лЫхъжьхэр къыпхуэцІыхунущ езы усакІуэм и усэ хъэтІымкІэ, и гупсысэхэр къызэриІуатэ образхэмкІэ къыпхуэцІыхунущ ар къызыхэкІа лъэпкъыр, щ1ыпсэу щ1ыпІэр. УсакІуэм и дунеим къызэщІеубыдэ щ1ым тельыджэу, гъуэзэджэу тет псори.

Танзиля и поэзиер Мечиев Кязим, Кулиев Къайсын сымэ я усыгъэм пызыщ1эу, бэлыхь куэд зыгъэва балъкъэр лъэпкъым и псэмрэ и хьэл-щэнхэмрэ къэзыгъэнаІуэщ. А бэлыхьхэр езым Танзиляи игъэващ и сабийгъуэм къыщ1ыщІэдзауэ. Сыту жыпІэмэ, ар зи пхъур зальмыыгъэк1э хэкур зрагъэбгына лъэпкъыр.

Илъэс пщ1ыщ1ущ1э хамэ щ1ынальэм щ1ыпсэуа нэужь, Танзиля и хэкум къигъэзэжащ и псэм хуэдэ Балъкъэрым пэІэщІэу итха усэхэр иІыгъыу: «Алыхьышхуэ! Соунэжьужыр!.. Сыкъегъап, си хэку сыгъэгъэзэжи! Си нэ къокІ ди бгыжьхэм салупІэну! Къуршхэм къыщ1ыкІ удэхэм ба хуэсщ1ыну!..»

Блок Александр и гупсысэкІэ къэсІуэтэнщи, усакІуэм и1эн хуейр къулыкъукъым, атІэ гъащІэщ. Танзиля и1эщ гъащІэ, и лъэпкъым и гъащІэм хэуухэнауэ, а лъэпкъым и тхыдэм щ1ыхьэт техъуэрэ пищ1эу. И лъэпкъым къытехьа лейм игъэгубжьу, абы гужьгъэжь и1энкІи хъунт, ауэ лейм и жэуапу къызыкъуихар гужьгъэжькъым, атІэ гуапагъэрэ лЫхъжьжьыгъэрэщ, сыту жыпІэмэ, усыгъэ нэсым хэлъ хабзэр лЫхъужьыгъэрэ гуапагъэрэщи.

Загъэщ1эрэщІэну Іэпщэм иралъхьэ Іэпщ1ахъуми, тхьэкІумэм иралъхьа тхьэгъуми талант нэсым зыри халъхьэфынукъым и1ки хахьыфынукъым. Танзиля нэхъыбэзу зыгъэщІэращІэр гупсысэ куухэр зыхэлъ и усыгъэрщ, гуапагъэм хуиІэ ІьагъуныгъэрщІ. КьытезгъэзэжыщІи, щ1ыхухъу уардэхэмрэ бзылъхугъэ тельыджэхэмрэ я лъахэ Кавказым щопсэу усакІуэ гъуэзэджэ Зумакуловэ Танзиля. Сыпоплъэ абы и усэщІэжи.

ГАМЗАТОВ Расул,
Дагъыстэным и щ1ыхьэ усакІуэ.
1999гъэ

Кулиев Къайсын и унэм къеблэгъащ Зумакуловэ Танзиляр Тхьэгъэзит Зуберрэ. *1963 гъэ*

И дэлъхухэр и гъусэу. *1979 гъэ*

Шортэн Аскэрбий щыхьэт тохъуэ

Къэбэрдей литературэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ къыщыхъуащ 1954 гъэм - дунейм къытехьащ Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» тхыдэ романым и япэ тхылъыр. Роман-эпопеем (тхылъ-иплІ мэхъу) къыдэщІе-убыдэ XIX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ 1870 гъэхэм нэс.

А ЗЭМАН кІыхьым тхакІуэм дэ щыгъуазэ дыхуещІ бгырыс щыналъэм къыщыхъу Іуэхугъуэшхуэзэм. Дауи, апхуэдэхэм ящыщащ 1829 гъэм Балъкъ къэнакъуэмкІэ Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІыну адыгэлІ хахуэ Хьэшыр Чылар зыхэта цІыху миным нэблагъэр зэрежьар, Кавказ линэм и унафэщІ генерал Эмануэль Георгий къызэригъэпэщащэ. Бгым дэкІхэм яхэтт академикхэу Купфер, Ленц, Менетрие, Мейер, нэгъуэщІ еджагъэшхуэхэри. А Іуэхугъуэ тельыджэр зэрекІуэкІам, Хьэшыр Чылар абы къыщигъэпэгъуэ ІкІыгъэм зэпкърыхауэ, дэфтэрхэр я лъабжьэу, «Бгырысхэр» романым щыщ пычыгъуэхэм ящыщ зым дыщыщигъэгъуэзэжащ Шортэн Аскэрбий. Нобэ ар фи пащхьэ идолъхьэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, «Бгырысхэр» романыр адыгэбзэкІи зрысыбзэкІи мызэ-мытІэу дунейм къытехьащ икІи щІэупщІэшхуэ яІащ, ди лъэпкъ тхыдэм и псэзэпылъхьэпІэ лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэр пэжыр и лъабжьэу къызэрыщыгъэпэгъуащ, иджыри къэс дызыщымыгъуэза е тщабзыщІа куэдым ди нэхэмрэ акъылымрэ къахуэзрызэІуихам къыхэкІы.

ХЬЭТАУ Ислъам.

УадыгэлІкъэ уэ, Чылар, уадыгэлІкъэ...

«Бгырысхэр» романым щыщ пычыгъуэхэр

«БАЛЪКЪЫЩХЬЭ ауэ зэвым ерагъкІэ зыдахузауэ урысхэр дэкІуейрт. Мыхэр дзэуи плъытэ хъунут, сэлэти я гъусэт, тоти здалъэфырт. Абыхэм нэмыщІ выгу куэди, шыд куэди я гъусэт, выгуэм хьэлъэ гуэрхэр изу, шыдхэми зыгуэрхэр ятекъуауэ. Урысхэр мыпхуэдизу жыжьэу ауэм зи дыхьатэкъым. Езы Ермолов дыдэм дзыхь ищІу щытакъым апхуэдэу жыжьэу къуршым ихьну. Арауэ къыщІэкІынт бгырысхэм ар щІагъэщІагъуэр. Абыхэм, зэрыхабзэти, Іэджэм Іэджэ жаІэрт, щхьэж зэрыхуигъафэщэкІэ.

Ябыныкъуэхэм я фІэщт: урысхэр къуршым щІыдзкІыейр Балъкъыщыхэ нэсу ар Іуащ Іэну арауэ, псыхъуэм Іус жьлэхэр псынщэу къагъанэу, къагъэжьІэщІэн щхьэкІэ. Псыжь къызэпрыкІыу инмием къытеуэ бгырысхэр зэрырагъэблагъэм и тезыру. НэгъуэщІхэм тхэ яІуэрт урысхэр дыщэ лъыхъуэу. Тырку сультІаныимрэ къэжьрхэм я шахымрэ Урысейм дыщэ къыпаубыдауэ, ирамытмэ - къеззуэну. Ещанэхэри нэхъ жыжьэж Іэбэрт. Абыхэм ягъэхъыбарт инджьлыз къэралым и пащтыхьым и пхъур уриг пащтыхьым къишэнущи, уасэ ирити имыгъэуту и дзэр дыщэ лъыхъуэ иутІыпщауэ. ЕпІланэхэми щаІуэжырт а псори пцІыуэ, урысхэр къезыхужьхар я къарур ягъэунэхужьну арауэ, къуршым ис иныжь нэ закъуэм, щхьибл зыфІэтым, ебэныну дэкІуейуэ.

Ауэ а псори зэуэ зэхэлъэлъэжащ, урысхэр Іуащхьэмахуэ дэкІыну къежьауэ щыжаІэм. А жаІа псом нэхърэ мыр нэхъ Іуэщ Іагъуэн ящыхъуащ бгырысхэм. Ящыхъуащ, я фІэщ хъуртэкъыми. Балъкъыщхьэ дэкІуей дзэм я Іэтащхьэ генералым бгырысхэм ящыщу хэт хуейми ирегъэблагъэ щыжаІэм, я щхьэ Іуэхуэхэр къагъанэри зыкъомыр дзэм и ужь иуваш, зы ныкъэни ямыІэу, хъыбар пэж кхахьыжьи мыхъумэ.

Иджы сэлэтхэри бгырысхэри, Іэщышхуэхэри Іэщ цІыкІри зэхэзэрыхьжжауэ ауэ нэпкъ задэм дэущей лъагъуэ закъуэм кІэрыпауэ, хагъэщІышхуи щІымыІэу, цІыхухэри Іэщхэри зэщІэмэхыкІауэ, дэпщейрт. Топхэр зэщхьэщыхарэ топ гъуанэхэм кІапсэ ищІэжауэ щы пІэпкъкІэ дальэфырт, яунэщІа выгуэхэри зэпкърахауэ щхьэхуэ-щхьэхуэу дахырт сэлэтхэмрэ бгырысхэмрэ. Къыр мывалъэм зи лъабжьэр емыкъа выхэри ерагъэт лъагъуэ закъуэм зэрыдэкІыфыр, я пщэжр хэшауэ, тхъурымбэ къажьадэхур дыгъэм игъэплъа мывалъэм техуэу, бахъэр къащхьэщихьу.

Гупыр нэпкъ задэм зэрыдэлъэфри, дыгъанІэ лъэныкъуэмкІэ зи гъунэхэр щІыпІэ-щІыпІэкІэрэ гъэмахуэу дыгъэ гуащІэм иуфэкъа губгъуэ щхъуантІэм ихьащ. Мыр пщы Асльэнджэрий и уэтэрыпІэхэрт, Дзэлыкъуэ хъупІэкІэ еджэу. Дзэлыкъуэ хъупІэм адкІэжкІэ къыщыт къуршым нэр тепщІыпщІэу къызэщІилэрт лъагэу зызыІэта уд дыгъэлыр, къызэщІилэрт хъарэхъарэу, плъыфэ миницуэ. Къуршыбэм къыжьхиху салъкъынми щІыІэтыІэ укъищІу узригъэхъуапсэрт, мыункІыфІыж хъуапсэкІэ. ПщІэнтэкъым езы уафэр къетІысхэкІу щІыгум игъуэлъхьа, щІылъэмм зиІэту узгум зрирусэм фІэкІа, апхуэдизкІэ щІым и дахагъэр, ар нурыщэу зэрызэщІэлъкІыр узгум къищти, узгури щІэлъэбзауэ, къабзэу щІым и плъыфэ гъуэзджэм зэщІигъэнэхукІыпрти.

Куэд ямыкІужу гупыр пщы Асльэнджэрий и уэтэрхэм техьащ. Мыбдежьми фІы дыдэу, кІуэаракъэ, уІэбэмэ и щхьэгум Іэ дэплъэн къыпфІэщІу, ину, дахэжьу, мамыру игъуэлъкІауэ къыщылытІ Іуащхьэмахуэ. Ину, уардзу, узригъэхуапсэу, пшэ ІэгупІэ из хъуни и щхьэ дыкъуакъуэми ибгъуэкмкІи къытемылъу. Куэдыщэрэ уеплъыфыртэкъым абы, и хужьагъым, абы тедыхьрэныкІ дыгъэ бзийхэм гущІэкІэ защумыгъэнщІыж щхьэкІэ, нэр ирагъэшырти. Сэлэтхэри бгырысхэри зэхыхьжауэ, псори ивыкІауэ хуэплъэрт Іуащхьэмахуэ. Мы къомыр и псэуклІэкІи, я дуней еплъыкІэкІи зэхуэмыдэ пэтми, уеблэмэ, зыкъомыр зэтеплъэ мыхъуу зэбийуэ щытами, иджыри здэщытми, а псори яфІэбзэхыжауэ, зэрафІэбзэхари езыхэм ямыщІэжу, псори а зы дахагъэм зэщІиІуплъуэ, абы псэкІэ зэриШэлІауэ зэхэтт, Іуащхьэмахуэ фІэкІа нэгъуэщІ плъапІи гукъэкІи ямыІэжу.

ЗауэлІхэми емыщхьу, урысыфи ятемыту лІы зытхухьм унафэ щІыгъэ уэтэрпщэм ибгъукІэ зыгуэркэр щагъэувырт, Іуащхьэмахуэ хуэгъэзауэ. Бгырысхэм къагурыІуэртэкъым мы бжьамий инхэр, гуэджэшхуэхэр щІагъэувыр, пкъо къуэлэнпщІэлэнхэм зыгуэрхэр тетхауэ, зэпрытхъыкІауэ адэкІэ-мыдэкІэ къыщІыхасэр, лъагэу Іэтауэ бгырыс щхьэл цІыкІухэм я шэрхъхэм ещхьу, дэбзыкІауэ, жьым дэджэрэзу, къыщІагъэувыр. НэгъуэщІ зы лІы гуэр цІыкІу гуэрми сэлэт зыбжанэ Іуишауэ бгыжьэ ехуэхьпІэр гуитыкІырти, ари къахуэмыщІэу бэлыхь ятелът абыхэм.

- Степан-паша, - еупщІащ и урысыбзэ нЫкъуэмкІэ Чылар мы гупым и лекарэ къыздаша Степан Игнатьевич, а зауэлІхэм емыщхь цІыхухэр игъэлъагъуэу, - чыто ята?

- Эй, эй, Киллар, - и адыгэбзэр иримыкъущэми, а цІыкухэр зэрыбзэлъхьыр къыгуригъэІуэну пихьащ Степан Игнатьевич, - уадэмыджэгу абыхэм, щІэнпгъэлІхэщ, академикхэщ, академикхэ, къыбгурыІуэркъэ? ЩІэныгъэлІу щы-Іэхэм я нэхъ ищхьэжхэм ящыщщ. Мес мо пкъор хэзытІэр Купфер жьыуаІэрращ, дуней псом щыщІэрыІуэщ, дуней псом! Абы къыбгъэдэтми нэхъ зигъэнэхъыкІэркъым. Ар Ленц жьыуаІэрращ. Модрейри плъагъуркъэ, мо гъуджэ хъуреиишхэр Іуащхьэмахуэ тезыгъэпсар? Ари академикщ, Мейергу абы и цІэр.

Чылар, дауи, Степан Игнатьевич жиІэ псори тэмэму къыгурыІуэртэкъым, ауэ абы къыжриІэжмкІэ къыгурыІуащ мыхэр Іэхэуцыжьэкіэ къэзрыІуар, Іуащхьэмахуэ дэкІыну зэрамурадыр.

- Сыт абыхэм Іуащхьэмахуэ и щхьэм щалэжьынхур, Степан? - мы къыжраІэхэм хуэнэпсейуэ еупщІащ Чылар абы.

- Сэ сщІэ мыгъэрэ, и инагъ, и лъагагъ къапщытэну къыщІэкІынщ.

- Ар мыбдеж щыту ялъагурКъэ?

- ЯлъагурКІэ ялъагу, тэмэму ящІэрмыкъым, Киллар. ЗрагъэщІэнущ.

- Хьэлэмэт къызжепІан!

- И щхьэ, и лъабжьэ, и щІыІагъ, и хуабагъ... Іэджэм щІоупщІэ, Киллар, ахэр, Іэджэм. Зы псалъэкІэ жыпІэмэ - щІэныгъэлІхэщ.

- Ди Хьэжы-Исмел нэхърэ нэхъ еджа ахэр? - Чылар къыфІэщІырт, я кІуаэжэм ефэндыуэ дэс Хьэжы-Исмел нэхъ еджагъэшхуэ ЩІы хъурейм темыту.

- Нэхъ еджащ, Чылар, куэдкІэ нэхъ еджащ, къуэш, куэдкІэ.

- Я дэ ди Тхъэ! - Чылар и пІэ ящІэцэшхуэр зыщхэрихри, гуэзвэгъуэм къыкІрихуа и пщІэнтІэпсэр трилъащІащ. - Хэт и фІэщ хъунт!

Чылар занщІэу къызэщІиубыдэу, къызэригъэкІы, зы гукъэкІ хьажьэ къыпхърыхьэри, абы и гъащІэ псор нэхъыфІкІэ зэлъыпытхъанкІэ щыгугъыу, къигъэпхъашэу, къигъэгулэзу къызэщІэнащ, езы дыдэм а къыпкърыуэ гурыщІэм пэлъэщыгъуэ гуэри хуимыгъэтыжу.

- Степан, - жиІащ абы, и пыІэ кІуэцІэр хуэфІу зыщщхьэрикъуэжурэ, - Степан, схуажеІэ, сэри садыдзкІынт абы-хэм...

- Уи фІэщуи? - Степан Игнатьевич зэрещІэкъуэуэ лъакъуэ сэмэгумкІэ хэпкІащ, и дамэ Іуэзэкэр къыфІыдэуеиежу. - НакІуэт модэ.

Степан Игнатьевич, хуэпсыщІэу, Чылар апэ иту ежьащ. И дамэ сэмэгур нэхъ ешэхауэ, жьыджэрыфэ тету. А ПІур бгъэдыхьащ щІакІуэм тельъуанэм блыгукІэ егъэщІауэ щІыльу ихэ генерал Эмануэль. ЩІакІуэм къетІысхэкІуэ генералым къыдэшхэрт Іуащхьэмахуэ дэкІыну мурад зыщІа академикхэри.

- Генерал, - иувыкІащ Степан Игнатьевич, - хуит фщІымэ, мис мы щІалэри ядыдзкІынут мы зиусхьэн академикэм, ядыдзкІынут Іуащхьэмахуэ.

Генералым зы хьэлэмэт зэхихэ хуэдэ, и жьэм хуихьа блэгъур хуэмурэ игъэтІылъри, и нэр Чылар тримыгъэкІыу зыкъомыфІрэ зэпипплъхьащ, сыт и лъэныкъуэкІи зэригъапщэу. Генералым и пащхьэ къитт щІалэ, зи ныбжьыр илъэс тІощІрэ тхум-хым итну, щым хэщІыхьауэ, плІабгъэу, пщэпІэ сыкІуэнщ жьыпІэу уежьэну, езы Алыхьыр зэрыщыІэр уи фІэщ хъугъэхэу щытмэ.

Дыкъуэ фІэфІыщэтэкъым мы псалъэмакъым Хьэжэрэзыхьыну, ауэ игу илъ хуэмыбзыщІу зыхущІэлъэфрыжакъым.

- Ар плъагъуркъэ, Тазий, Алыхьым кърищІыхьащ Іуащхьэмахуэ ди щІыналъэ... Абы хамэ гуэр дэмыпщёйуэ ди цІыху япэу дэкІмэ, ди цІыху: муслъымэным къильхуааэ, Алыхьым и жагъуащэ хъуну къыщІэкІынкъым.

- Сыт а жьпІэ хъэдэгъуэдахэр, Дыкъуэ?

- Алыхьми лІыгъэ зыхэлъ цІыху жагъуэу илъагъуркъым, Тазий. Уи фІэщ щІы, имыпІагъуркъэ.

НЭХУЩЫМ генерал Эмануэль и лагерым зиІэтащ. Иджы Іуащхьэмахуэ и лъабжьэ къыщІэт зы къурш лъагапІэ щІэнщэгуэрыщ нэсу, лагерыр абдеж къыщыІэзтеуВыІэу, адэкІэ Іуащхьэмахуэ дэкІыну гупыр ящхьэщыкІын хуейт. Чылар бжэгъу кІэщІ, зи пэм гъущІ мыжурэ къэрэкъэш фІэлъыр, иІыгъыу академикхэм я курыкупсэм иту кІуэрт. Мыбэлэрыгъыу и гъусэхэр зэпипплъхьырт абы, дэтхэнэми лъэкІынур и теплъэкІэ къыпщытэу.

Купфер лІы гъумыщІэІуэти, Чылар игукІэ жиІащ абы куэдыщэ хуэмыкІуну, ар щІэх ешыну. Мейер щхьэкІи гукъэкІыфІ къыхуэгъуэтакъым. Ари щІэх псэхяжьыну къилъытащ, гъурыщэти, кІыхьыщэти. Чылар а псоми нэхъ хъахихар ЛенщІ. Адыгэхэм лІы и къуэгъуэ ви и гъурэ жьыуаІэм хуэдэт Ленци, абы нэхъыбэ икІуфыну игъэуващ Чылар.

Іуащхьэмахуэ и джабэку дахэм узыІэпишэу, езыр къоджэ хуэдэ, налкъутнэринэу зэщІэхъуэпскІыкІыу, дыгъэ къыкъуэкІым и бзийхэм ар дыхьэрэнфэу зыщІагъэжьыуэу, зэщІагъэпсыкІыу, уэсыщхьэм тельащІэу, уардзу, мамыру къыщытт, уафэ къабзэм щІэуэу. Дэнэ зэпыкъуэкІэ уплъамы, пхуэмышэчу, псынщІэу, уи нэхэм къытрагъэззэжырт Іуащхьэмахуэ дежкІэ, апхуэдизкІэ ар гупымыкІти, укъингъэшынэри дахащэти. Чылар, и гурыщІэр зэщІэнэхуакІуэ, езы Іуащхьэмахуэ и джабэхуэгэр зэрыкъабзэм хуэдзу мы дуней псом хуэкъабзэу, хуэжмарту кІуэрт, быдзу лъэкІэ щІым теувэу, мыпІащІэу, ауэ хуэщІауэ.

Чылар и кІуэцІыкІыщІэм хъэшкуриЙуэ щІызэрызехьэрт гурыщІэ Іэджэ, Іуащхьэмахуэ гущІэкІэ екъуапсэ пэтми, ар абы къигъэгуззэрт и инагъэр и лъагъэткІэ. Чылар тегушхуат мы Іуэхугъэм, ауэ, зэрыгъэнуэ къызэрыхуэмыщІэм Іуащхьэмахуэ, ззэщІыбыдэжа гъэмахуэ уэсым ар пэлъэщыфыртэкъым, ауэ и уэсыщхьэр къигъэщэбати, Чылар, и башыр, мыжыр зэыфІэсыжыр, фІыуэ пхыкІырт. Чылар и лъакъуэри и лъэгуажьэм къыфІэкІыу пхыхут. Уэс щІэткІуКІым куэдкІэ нэхъ къыщІэхъэлъэрт Іуащхьэм дэкІхэм я гъуэгуанэр.

Чылар къызэплъэкІащ. Абы кІыльэгуащ хъэрдамикхэр къэуэбыІэу зы Іуащхьэмахуэ хэлъу, адрей тІур абы щхьэщыгъу. Чылар псынщІэу къигъэзэжри, щІэдзыдхьэм, гъэщІегъуэн щхьэхуащ - щылъэр Чылар нэхъ зыщыгугъэ Ленцт.

Чылар зригъэзыхри:

- Давай, давай, кунак, - къызэщІиІэтащ Ленц.

Абы и Іэблэр иубыдри, Чылар япэ иувэжащ, хуэбгъуэ зыхуищІауэ Ленц, ар и дамэм къытригъаІэу здишэу. Апхуэдэ защІэу ахэр кІуащ зыкъомыфІрэ, лъэбакъуэ щэ нЫкъуэ ичыхукІэ, Чылар зэ къэувыІэурэ заригъэгъэпсэхуу. АрщхьэкІэ, Іуащхьэмахуэ и сыджым нэсыным куэдыщэ имыІэжу, Ленц къэджэлэпащ. Мыдрей тІуми яхуэхьыж щІыІэтэкъым. Ленц зэрехуэхыу, Купфери Мейери етІысэжащ, къару лъэпкъ ямыІэжу.

- Си щхьэр, си щхьэр къочэ, - ерагъкІэ къыдрищеящ Ленц.

- Аращ бгыщхьэ уз жьхуаІэжыр, сэри си кхэжьын къокІу... Сэри ардыдэр къыспкърыхьэу аращ, - жиІащ Купфер.

- Сыт-тІэ ди унафэр? - щІэупщІащ нэхъ зызыШІагъэфІ Мейер. - Гъэззэжыну?

- ДзэззэжынкІэ Іэмал иІэхьым! - Ленц къэтэджыжьыну щІеІэм, Чылар абы зыпэщІигъакъуэри къигъэтэджащ, арщхьэкІэ лъэбакъуипщІи ямычу, Ленц нэкІыкІэ хэхуащ уэсым. Чылар ар къызэригъэдзэкІащ и гущІыпр къыдэгъэзеяуэ. Ленц и жьэр ину зэтехат, жьы зэримыгъуэтыр нэрылъагъуу, бауэкІэщІ хъуаУэ. Чылар уэсэ ІэшкІэ къищтэри Ленц и напэр итхьэщІу хуежьащ, арщхьэкІэ абы и нэхэр къызэтрихри:

- Кил-лар, ялодец... Не надо, - щабэу и плІэм къытеуІуэри, и нэхэр зэтрипІэжащ.

- Дгъэззжын хуей хъунущ, Киллар, уэ дауэ уеплъра? - къеупщІащ абы Купфер.

Чылар и дамэхэр зэхуишащ, сщІэркъым жиІэ щІыкІэу.

- Сэри сыкъызэІохьэ, - жиІащ Мейер, алъандэрэ фІыуэ зызыІыгъам.

- Дгъэззжынщ, - хьэлъэу етІысхащ Купфер.

Іуащхьэмахуэ лъабжьэм щІэтхэм иджы къахуэгубыдыжыртэкъым дэкІхэр. Генерал Эмануэль нэрылпІэр иІыгъти, абы фІыуэ ящІагъурт лІиплІри. Генералыр къаухъуреихьауэ цІыхубзхэри, бгырысхэри, сэлэтхэри зэхэпшэхуэжкъуэ зэхэтт, абы и дэтхэнэ псалъэри къапхъуатэу.

- Псори етІысэхащ, - жиІэрт абы, нэрылпІэм и нэр къыІуимыхьу. - Зы закъуэщ щытыр... Ар, сыщымыуэмэ, Киллардж. Киллар ящхьэщытщ, ахэр къигъанэри и закъуэу ежьащ...

- ЗэфІэкІащ, зиусхьэнхэ,- генерал Эмануэль нэрылпІэр Іуихьжащ и нэм. - Зыри слъагъужьыркъым, Іуащхьэ сыджым дыхьэри дэкІуэдащ...

А гуэзвэгъэри ягъэвьфыну къыщІэкІынт псоми, ауэ куэдыщэ дэмыкІыу, тенджыз ФІыщІэмкІэ зэуэ къыщыкъуэзри, пшэ фІыцІэхэр зэзрехьэжьащ, итІанэ ауэым зыкъыдигъэщатэри дыгъэри умыпльагъужу дунейр зэщІигъэункІыфІащ.

А псори апхуэдизкІэ зэрымыгугъуэу псынщІэу къызэщІэхъуКІати, пцІы хэмыльу, цІыхухэр шынат. ЦІыхухэр дэнэ къэна, Іэщэми ар зыхащІауэ зэрыщІымытауэ щытт: шыхэм я тхьэкІумэхэр дзаосу ягъэкІауэ, нэкІэ адэкІэ-мыдэкІэ зеуэт, хьэлъэр къызэрааща шыхэм, я пщэжр хашауэ, я макъым щымысхьыжу зэщІэгъуахъуэрт. А псом ищІыужкІэ, зищІысыр зыми къыхуэмыщІэу, а пшэ гуэрэн фІыцІэм ябгэу, щІым къыщІэщІэуКІ фІэкІа умыщІэну, зы макъ гъум гуэр къыхэІыкІырт.

Тазий, япэм гурыщхъуэ ищІу щытами, иджы а гурыщхъуэ псори щхьэщыльэтауэ, Іуащхьэмахуэ Тхьэхэм я тІысыпІэу зэрыжаІэр и фІэщ хъуауэ, и псэр хэкІауэ, и цеижь тІэкІур иубгъуауэ Алыхьым елъэІурт.

- Ялыхь, ялыхь, - и Іупэ пІэжьажьэхэм а зы псалъэм фІэкІа къажьэдэмыкІыу, и ІтІыр лъагэу уафэм хуэІэтауэ, и нэпсхэр къыщІэжу лъаІуэрт ар. - Ялыхь, ялыхь, дыкъэхъумэ... Чылар и бэлыхьым думыгъэхь! Ар шейтІанхэм, джаурхэм ягъэщхьэрыуащ, дэ сыт ди лажьэ...

ЩІы щІагъэм къыщІэгурымыкІ макъыр и тхьэкІумэм имыкІыж, зыхуэпщІри имыпІагъуу нэхъыбапІэм хьэлъэкъуипІкІэ пщІуэ, башым зытригъащІуэрэ щыкІуи щыІэу, кІуэ пэтми нэхъ лъагэу зиІэтт Чылар. ИкІэм-икІэжьым, къару щІагъуи къыщІэмынэжауэ, лъэгуажьэмыщхьэкІэ лъагъуэр пхишу хуежьащ абы. И Іур щитхьэлыкІыу, и кІуэцІ псор къигъэхъэрахъэу, нэхъ лъагэу зиІэтыху, нэхъ гуащІэ хъуэу, Чылар кІуапІэ къезымытыр тхъуэбзащхъуэмэ бзаджэрт.

ИтІани ерыщ екІуаУэ дэпщІэрт ар хьэлъакъуапІэу, уэсым трищІа мыл щтыригъур лъэгуажьэмыщщхьэкІэ пхиуду, Іэбжьанэкіэ пхигъэзэр, ар фІэнапІэ ищІрэ дэкІуэтейуэ, дэкІуэтейуэ зы лъэбакъуэкІэ, лъэбакъуитІкІэ, лъэбакъуищкІэ... Зыри, зы къару мащІэ гуэри къыхуэмынэжауэ: «Мис иджыпсту зыцэкъуздиинщи, сыкъэзывыІэнщ, адэкІэ сыкІуэфынукъым, зы лъэбакъуи схуэчыкъынукъым, сытредие сэ мыбдежьым, мы сыкъыздэсам деж?..» - жиІэу Чылар игу къыщыкІым деж, а гукъэкІхэр ириудыкъуу, щІигуэу, къару фІэкІуэдар кхыхуигъэуэтыжу нэгъуэщІ гурыщІэ къыпкърыхьэжыртабы: «Уадыгэлікъэ уэ, уадыгэлІ, Чылар!».. А гурыщІэрауэ къыщІэкІынут ар дзэзыкІэ бгым...

ЧЫЛАР Іуащхьэмахуэ и щхьэр ильэгъужыртэкъым, пшэ фІыцІэм щІигъэнати. Сыт хуэдиз кхыхуэнэжами ищІэрэтхъэм, Іуащхьэмахуэ и щІыгу дыдэм деж, пшэ фІыцІэр зэкІэщІихуу щыблэр къыщеуам. Щыблэр къеуэри, уэмрэ уэсымрэ зэщІэту къехьу хуежьащ. Дакъыжьэ зыхьлІ нэхъ дэмыкІыу, щыблэм Іуащхьэгур ибгъэри, и бгъуитІымкІи кхыщыуэу щІидзащ, гуфжьауэ пшэр зэкІэщІихуу, Чылар иджы зэхихьжыртэкъым щыблэ уэ макъри, зыхищІэжыртэкъым дэщІыкІу хуэдиз хъууэ къытехуэу уэри, ар дэпщейрт Іуащхьэм лъэгуажьэмыщхьэ, мыл щытыригъу пІащІэр зэтригъэпІанкІэу, Іэбжьанэкіэ пхигъэзэ: «Уадыгэлікъэ уэ, Чылар, уадыгэлІкъэ...» - жиІэу ягуІэ.

КъызэрызэщІищІам хуэдэу псынщІэ дыдэу, уэми, уэсми, уэшхми щІэгъэтыжри, дуней къэуфэкъауэ щытар, аргуэру, япэм хуэдэу, щІэращІэу, дыгъэпсым зэщІилъащІэу къэнэхужащ, мамыру, зыри къэмыхъуа хуэдэ зиущхужауэ. Дунейм зибзыжа нэужь, Іуащхьэмахуи, япэм хуэдэу, зэщІэнахуэу, мамыру, уардзу къаІьагъужащ лагерым тетхэм.

Дуней гуфІэгъуэр зыгъуэтыжа Тазий, и тэмакъыр гуфІэгъуэм щичу, и Іэхэр уафэм хуишиуэу щІибжьыкІыт:

- Ялыхь, алыхь, сызэхэпхащ... Ялыхь, ущыІащ...

Генерал Эмануэль нэрылпІэр зэІуилъхьэри, пльащ ІуащхьэмахуэкІэ.

- Зиусхьэнхэ, Іуащхьэмахуэ и щыгум цІыху тетщ! - Катаерэ ар ину. - Батарея, огонь!

Топищыр зэуэ зэдзуащ, Іуащхьэмахуэ япэ дэкІа Чылар щІыхь хуащІу.

1954 гъэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Іуэху

Къулейсызыгъэр къытхузэнэкІыну?

ЗыхузэфІэмыкІхэм зэрадэІэпыкъуну щІыкІэр

Урысейм и хэгъэгу нэхъ дэхуэхахэм «социальный контракт» зыфІаща лэжьыгъэ щокІуэкІ. Ауэ ящыщыкІэ фигу къэзгъэкІыжыщ а «дэхуэхахэм» ящыщу етІанэгъэ щыщІэдзауэ къулейсызыгъэр нэхъ мащІэ зыщІыну хэгъэгуэр сут худэхэрами. Ахэр 13 мэхъу: Тэтэрстан, Къабэрдей-Балъкъэр, Тыва, Коми республикэхэр, Приморск, Алтайск, Пермь крайхэр, Иваново, Липецк, Нижегородскэ, Новгородскэ, Томск, Курганск областхэр.

2020 ГЪЭМ мы кьедбжэкІэм ахъшэ иратынущ «социальный контракт» жыхуаІэм трагъэкІуэдэну.Сыт абы къызэщІиубыдэнур?

Нэхъ тхьэмыщкІэхэм лэжьапІэ къахуэгъуэтыныр, Іэщ1агъэхэм хуегъэджакІэ, я щхьэ Іуэху зэрахуэфу, нэгъуэщІу жыпІэмэ, хьэрычэт ящІэу егъэсэныр. Зэрыгурыїуэгъуэщи, цІыху хэтыкІэ зыщІэ, сом къэзылэжьыф дэтхэнэри и щхьэм пщІэ хуищІыжу, унагъуэмрэ къэралымкІэ сэбэпу дунейм тетщ.

Хэгъэгухэм щагъэбелджылащ зыдэлэжьыкъунухэр. Къэралым щыгугъэхэм я процент 40 - 50-р (зы республикэм, крайм е областым хуэзэу) лэжьапІэ хуейуэ аращи, абыкІэ дэІэпыкъунущ: проценти 10 - 20-р хуейщ ящІэм нэмыщІ иджыри нэгъуэщІ Іэщ1агъэ зрагъэгъуэтыну; процент 15 - м хьэрычэт Іуэхум зратынут; процент 15 - 20-р мэгугъэ гугъуехьу зыхэтыр кьызэранэкІыфынымкІэ къэралым закъыщІигъэкъуэну.

«Социальный контракт» Іуэхум хихьэну хуитщ дэжьыгъэ Іэнатіэ зиІэри (улахуэр фІэмащІэмэ, нэгъуэщІ Іэщ1агъэм хуеджэну гупыж ищІамэ). Апхуэдизкъым щІэныгъэмрэ ещІэныгъэмрэ ещІэныгъэ нэгъуэщІ кьалэ е хэгъэгу кьыжуагъэпэзгъуэнкІэ мэхъу, кьыздэхуэныкъуэм нэхъыбэ кьыщилэжьыфынущи.

Ахэр лэжьапІэщІэм хэзэгъэку илъэсым и кІуэцІкІэ ахъшэ иратынущ, зыщыщ зэгъэгум цІыхур щыпсэуфын папщІэ я нэхъ мащІэу зыхуеину кьалъытам хуэдизу (Къэбэрдей-Балъкъэрым ар сом мин 11 щохъу).

Іэщ1агъэм хурагъэджэнуэхэм ящыщу ящІ ирагъэщынур зыми хуемыджэхращ е зыхуеджам куэд щІауэ иримылэжьажэрщ.

ТхьэмыщкІэр, зыхузэфІэмыкІэр щыкуэд щІыналъэхэм дун ре республикэри зэрыхьищІ гущІыхьэщ, ди цІыхухэм я нэхъыбэр зэрылэжьакІуэшхуэм тепщІыхьмэ, апхуэди кьэхъун хуеятэкъым. Ауэ зыкІи ди Іуэху хэмылъу, зыгуркІэ сэбэп дыхъунри Іэмал кьыдимыІу къэралми дунейми куэд щокІуэкІ, дэ ди экономикэм хуэдэ цІыкІухэр «зэхахьэжэу».

Урысейм хуэдэ къэрал бейм кьулейсызыгъэр кьызэринэкІыну и гугъэу мыпхуэдэ Іуэхуэр щиублакІэ, абыхэм губзыгъэу дыхэтынращ дэркІи ди щІэблэмкІи зэкІыпІэр. Зэрыгурыїуэгъуэщи, цІыху кьызэрыгуэкІым дежкІэ сэбэпу я Іэмкьыгъэр (социальнэ контрактыр) кьызэгъэпэща хъунущ зи кьалэну щытынур кьалэ, район, республикэ унафэщІэращ.

Псори иропІейтей

● Курортхэр

Плъэкіма, уемыфыгъуэ Кавминводхэм. Зэгуэр къалэ-курорту зиужьын хуейуэ згъэбелджылыуэ, Іуэхуфі куэди совет эманым щащІа Налшык ущыщу пхузэфІэкІынукъым ди къалащхьэмрэ Кавминводхэмрэ я ворвей махуэр зыхуэдэр зумыгъэпщэн. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдкІэ нужь дыкъинащ, далъэщІэмыхьэжьыфынри хэлъу.

ЗЫБЖАНЭРЭ и гугъу ящІагъэхэхэщ Кавминводхэм зэрызрагъэужьыну федералнэ программэ зэрыщыІэр. Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенко Валентинэ и нэІэм щІэту ягъэзащІэу.

Иджы дэфтэр пыухыкІа щыІэщ «Концепция сохранения и развития особо охраняемого эколого-курортного региона РФ Кавминводы» фІащауэ.

А дэфтэрым «псы хущхьуэхэр зэдэщІэ зыгъэпсэхупІэ нэхъыщхьэу ди къэралым иІэ Кавминводхэр» зэрыщыжаІар щыхьэт зэрытехъэщІэу, лэжьыгъэр къыщыщІадзар КМВ-хэм я иджыпІ щытыкІэр кьанэ щымыІэу зэхэгъэкІынырщ.

Ипэраущ, щыІэщхьэ зымыІыгъ Кавминводхэм щопсэу цІыху мелуан 1,2-рэ (Ставрополь крайм щыпсэуфи я зэхуэдитІыж хуэдиз). Экологхэм кьызэралъытэжкІэ, а кьалэ цІыкІуэхэм унэ куэд щауэху, цІыху куэд щыпсэу зэрыхъуар псы хущхьуэхэмкІэ зэранщ (щІыр зэрызэхатІыхьым, псы кьыщІэжьыпІэхэр Іисраф зэрыхъуэм е зэрыкІуэдыжьпэм тепщІыхьмэ). Псалъэм папщІэ, «Есэнтіыгу №20»-р кІуэдыжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуари араш. ЩІыри псыри яуфІей Іуэхуущ1апІэхэмрэ унагъуэхэмрэ кьагъэсэбэп я канализацэхэм.

Іуэхур псом нэхьрэ щыІэнэхь гугъущ Кисловодск. Мыбы и хьэблэ зыбжанэм кьанализацэ яІэхэхкъым. Уи нэгу кьыщІэбГъэхьэну гугъукъым а фІейр псымрэ щІымрэ зэран зэрахуэхъу щІыкІэр. Абы щыгъуэми, а санаторэ псоми нэхъыщхьэу кьызэрыгъэзащІэр уэрыфэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ сэбэп псы хущхьуэхэращ.

«Кавминкурортресурсы» АО-м и унафэщІ Левицкий Евгений жеІэ я кьэзэрытехъэщІэу, лэжьыгъэр кьыщыщІадзар КМВ-хэм я иджыпІ щытыкІэр кьанэ щымыІэу зэхэгъэкІынырщ.

Ипэраущ, щыІэщхьэ зымыІыгъ Кавминводхэм щопсэу цІыху мелуан 1,2-рэ (Ставрополь крайм щыпсэуфи я зэхуэдитІыж хуэдиз). Экологхэм кьызэралъытэжкІэ, а кьалэ цІыкІуэхэм унэ куэд щауэху, цІыху куэд щыпсэу зэрыхъуар псы хущхьуэхэмкІэ зэранщ (щІыр зэрызэхатІыхьым, псы кьыщІэжьыпІэхэр Іисраф зэрыхъуэм е зэрыкІуэдыжьпэм тепщІыхьмэ). Псалъэм папщІэ, «Есэнтіыгу №20»-р кІуэдыжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуари араш. ЩІыри псыри яуфІей Іуэхуущ1апІэхэмрэ унагъуэхэмрэ кьагъэсэбэп я канализацэхэм.

Іуэхур псом нэхьрэ щыІэнэхь гугъущ Кисловодск. Мыбы и хьэблэ зыбжанэм кьанализацэ яІэхэхкъым. Уи нэгу кьыщІэбГъэхьэну гугъукъым а фІейр псымрэ щІымрэ зэран зэрахуэхъу щІыкІэр. Абы щыгъуэми, а санаторэ псоми нэхъыщхьэу кьызэрыгъэзащІэр уэрыфэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ сэбэп псы хущхьуэхэращ.

«Кавминкурортресурсы» АО-м и унафэщІ Левицкий Евгений жеІэ я кьэзэрытехъэщІэу, лэжьыгъэр кьыщІэжьыпІэхэм кІэлъыплъынкІэ уейщ. ЗэкІэ а Іуэхур я кьалэнщ Роснедр, Ростехнадзор, прокуратурэ,

КМКР-м и Іэщ1агъэлІхэр зэпымычу кІэлъопльэ Тамбукъан гуэлым хэль ятІэм. А лэжьыгъэр нэхъри ирагъэфІэкІэнымкІэ концепцэм щыщ Іыхьэ хъуащ.

Ауэ, губернаторым кьызэрыкитъэщащи, Тамбуканым и Іыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм хеубыдэ, а ятІэр кьэзэгъэсэбэпыну хуитри гъэбелджылауэ щытщ. Ауэ зы зэманкІэ уэзІэбжьыкІэмэ, Іуэху кьэрахьэжьауэ щытащ и лицензэр кьыІахьыжьну. Гурыїуэгъуэхэм ди республикэр мы Іуэхум щІемыгугъур. Тамбукъан зэрызэгурыїуэрэ, илъэси 10 - 15 хуэдиз дэкІмэ, ар зэрыхъуну щыкІэр, ди зыгъэпсэхупІэхэм заужьыным зэрыщІхьэпэфынур иджыри къэхутауэ щыткъым, ауэ уиІэ псори зэрымыІэрараф гурыїуэгъуэщ. Тамбукъан ятІэм кьыхах косметикэр ящІэ хъуащ, дэ кьытэмыкІыну ара хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфын?

- Кавказ Минеральнэ Псы хэр - Урысейм и лъэпкъ хьугъуэфІыгъуэщ. Мыбы тхьдэ, архитектурэ, щІэнхабзэ фэепІэ куэд щыІэщи, ахэр тхьумэныр, едгъэфІэкІуэныр кьызэрытхузэгъэпэщІым елъытащ зыгъэпсэхупІэ щІыналъэ гъуэгуанэм и Іуэху хьума зэрыхъунур. Ипэрейм щыщу кьэна псоми дыхуэсакъын, абыхэм я ГъунэгъуУ сыт ямыухуэми, архитектурэ и лъэныкъуэкІэ еэзгъын уэйщ, зыми хуэдэнукъым кьалэм и Іуэху зыхуэ зэІуеину, - жиІащ УФ-м и Президентым и КИФЩІ-м щиІэ и лІыкІуэм и кьуэдзэ Бабушкин Игорь.

ФщІэн папщІэ. 2019 гъэм КМВ-м федеральнэ бюджетым щыщу сом зы мелиардым щыІгъу кьаІэрыхъэнущ. Псом ящу а ахъшэр зытрагъэкІуэдэнур еджапІэхэр, сабий садхэр, спорт, узыншагъэ Іуэхущ1апІэхэр зыхуей хуагъэ3ззэнращ.

Иджыри зы кьыгъэхуэпІэ яІэщ мы кьалэхэм - зызыгъэпсэхуэхэм ят налогыр. Нэгъабэ кьыхьэкІащ сом мелуани 185-рэ. Ар трагъэушэнщ Псыхуабэ, Есэнтіыгу, Кисловодск кьалэхэм я паркэр ягъэдзэкэным.

● Шэшэн Республикэ



Грозно къалэм Урысейм и рекордыщІэ щагъэуващ. Чернореченск псы хъумапІэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ псым епха спорт лІэужьыгъуэхэм щыщу 8-м хуэІэкІуэлъакІуэхэм. Мыпхуэдизым зэуэ я зэхьэзэхуэ Урысейм иджы ящу щрагъэкІуэкІауэ аращ.

Сурэтым щыволъагъу флайбордистхэм я къэлъэтыхьыкІэр.

● Къэрал Іуэху

Бзылъхугъэ гъащІэ мащІэхэр

ЗЭРЫЩЫТУ кьапщтэмэ, цІыхубз минищэ къэс 209-рэ малІэ, «и псэугъуэт» жыхуаІэ нэхьжьым иту.

Минищэм тещІыхьауэ нэхъ мащІэ дыдэу щыпІэр Ингуш Республикэращ (мини 100-м хуоэз 54-рэ), Дагъыстэным (75-рэ), Шэшэным (93-рэ), Къэрэшей-Шэрджэсым (93-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэрым (116-рэ), Осетие Ищхьэрэ - Алание (126-рэ), Кьалмыкым (137-рэ), Москва (142-рэ), Ставрополь крайм (146-рэ), Ямало-Ненецкэ автоном округым (146-рэ).

Ауэ Урысей Федерацэм и Іщ1 мы Іуэхур щыкьэлъэ. Ткапщтэмэ, Тыва бзылъхугъэ щІалэу щыІэм я бжьыгъэр хуэдитІкІэ нэхъыбэщ адрей хэгъэгуэм елъытамэ - минищэм 440-рэ хуоэз. Чукоткэм, Кемеровэ, Новгород, Иркутск, Амур, Тверь, Псков областхэмрэ Хабаровск, Приморск крайхэмрэ Іуэхур мащІэу щынэхъыфІщ Тыва елъытауэ.

ЗэрыжьІащи, цІыхубзхэр нэхъыбэу зэрылЫкІыр лыш узыфэхэр. Онкологиемкіэ Евразие федерацэм и Іэщ1агъэлІым къегъэлъагъуэ абы и щхьэусыгъуэр. Ипэраущ, а узыфэхэм зэрыпэщІэт щыкІэмкІэ Европэми США-ми дакІэщІыхьэркъым. Абыхэм зытращІыкьыр, я Іуэхур нэхъыфІ зыщІри цІыхухэм я узыншагъэр ПІалъэ пІуухьІакІэ тету къызэрапщытэрщ, уз тъІыІпЪа ямыІэн папщІэ. Абы и фІыщІэщ Европэмрэ США-мрэ ягъэхъыжьыф зэрыхьуар бгъэм хищІэ лышхьр. Урысейм нэгъуэщІщ щытпЪагъэр. ЦІыкубзым и узыфэр кьыщІэхутэр лышхьр еПІуэн, ещанэ лІэужьыгъуэм хыхьа нэужькІэщи, кьахуегъэлри нэхъ мащІэщ.

ЕтІуанэрауэ, ди къэралым къомэщІэкІ дохутыр Іэщ1агъэ зиІэхэр. Псом хэумыдзу яхуимыкъур гистологэмрэ цитологэмрэщ. Мединститутэхэр куэдщ, ауэ хэхауэ апхуэдэ дохутырхэр ягъэхъэзыркъыми, икІэщ1апІэкІэ а Іуэхур ямыгъэзэкІуэжмэ, нэгъуэщІ къэралхэм кьрашын хуей хъунущ ягъэлажьэн.

Зещанэрауэ, дохутыр псори щыгъуэзэн хуейщ лыш узыфэхэр зыхуэдэмрэ абы зэрызыкъуигащІэ щыкІэмрэ. Псалъэм папщІэ, терапевтым и нэзум гурыщІэхуэ ищІу сымаджэр онкологым деж имыгакІуэмэ, узыр хотІасх.

ЭкономикэмкІэ еджапІэ нэхъыщхьэм Демографиемкіэ и институтым и унафэщІ Вишневский Анатолий зэрыжиІэмкІэ, цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным теухуа Іуэхуэр тэмэму зэтеубла зэрымыкьуар, цІыхубзхэм тутынрэ аркъэрэ ефэ куэду зэрахэтыр щхьэусыгъуэ хуохъу лышхьм бзылъхугъэ щІалэхэр зэрихьым. «Иджы щыщІэдзауэ а щыщІэныгъэхэр дгъэзэкІужьынм яужь дихьэмэ, ильэсипщІ нэужь тІъэгъуну аращ абы кьыпэкІуэнур», - жеІэ Вишневскэм.

Іуэхур иригъэфІэкІуэну дыщыгугъ хъуну кьыщІэкІынущ 2019, 2020 гъэхэм Урысейм и цІыху балигъхэм я узыншагъэр щІэкІыу кьыІэзэращытэнум.

Ар зэрекІуэкІым кІэлъпІупльну я кьалэнщ ОМС-мкІэ фондым и щІыналъэ хьудамэхэм.

ЦІыкухэм хьыбар егъэщІэным, мы Іуэхум и мыхьэнэр кьагурыїэуэным министерствэ 7 елэжьынущ: Узыншагъэр хъумэныкІэ, Егъэджэныгъэмкіэ, ЩІэныгъэмкІэ, Связымкіэ, Спортымкіэ, Транспортымкіэ, Лэжьыгъэмкіэ министерствэхэр. Абыхэм телевиденэ, радио, интернет Іэмалхэмкіэ социальнэ рекламэр цІыхухэм я деж нагъэсынущ.

ЗэрытщІэщи, ди къэралым мы гъэм щІэрыщІэу щагъэбелджылащ диспансеризацэр зэрекІуэкІыну щыкІэр. Иджы зэрыщытращи, илъэс 40 ныбжьым щыщІэдзауэ илъэсым нэхъыжьхэм зэ я узыншагъэр кьрагъэпщытэну хуитщ. Илъэс 18 - 39-м итхэм - илъэсищым зэ.

Пенсэм щыкІуэну ныбжьым нэсахэм диспансеризацэм щхьэкІэ лэжьэгъуэ махуитІ зы илъэсым кьагъэсэбэпыну дэитщ. Адрейхэм - зы махуэ. А махуэхэм техуэ улахуэри лэжьапІэм щыІам хуэдабзэу ират. Ауэ поликлиникэм кІуэну зэримурадыр тхауэ унафэщІым хущІахьэу Іэ кьытрагъэдзапхъэщ.

Гурыїуэгъуэщ, узыр кьахутэ кьудейкІэ зэрызэфІэмыкІынур, цІыкухэр ягъэхъужьын зэрыхуэйр.

Диспансеризацэм кьызэщІыубыдэу сыт хуэдэ анализ етын, сыт хуэдэ дохутырхэр кьеплъын хуейми теухуа хъыбар поликлиникэхэм яІэщ. Дохутырхэр зэпІуа цІыкухэм узыншагъэкІэ зыхэхуэу гупыр игъэбелджылынущ, уз тъІыІпЪа зиІэхэм я узыншагъэр илъэсым тІэу хьащІытэнущ. ФымыгъэщІагъэ, фыкІуэну кьыфщІыгупщэмэ, дохутырэр къэпсальэу фигу кьагъэкІыжын хуейуэ кьалэн зэрыщащІари.

Къэрал куэдым щыхабзэщ диспансеризацэм пхымыкІа цІыкухэр зыгуэрКІэ сымаджэ кьэхъумэ, езым и ахъшэкІэ зигъэхъужьын хуейуэ. ПхыкІамэ - медицинэ страхованэмкІэ зэфІокІ. Диспансеризацэм кьыпамыкІухьынымкІэ ІэмалыфІщ ар. Дэри абы дыхуэхІуфамэ, езы цІыкухэм хэгъэзыхьы щымыІэу я узыншагъэр кърагъэпщытэну кьыщІэкІынт.

● Дагъыстэн

Прунж хьэсэхэр къагъэщІэрэщІэж

Мы республикэм и унафэщІхэм я мурадщ прунж тонн мини 150 - 160-рэ къытрахыу (зэкІэ мин 82-рэ хуэдизщ я зэфІэкІым кьихьыр) прунж хьэсэхэр къагъэщІэрэщІэжыну.

ДАГЪЫСТЭНЫМ прунжымкІэ Урысейм етІуанэ уеблІэр щиІыгъщ, Краснодар крайм иужькІэ. Мы щІыналъэм прунжыр гектар мини 120-м щыхасэ икІи тонн мин 900 хуэдиз гъэ къэс къытрах. Гурыїуэгъуэщ Дагъыстэныр абы зэрыкІэщІэмыхьэфынур, ауэ я къэкІыгъэм мы республикэм щцелэжьыным, щІы нэхъыбэ хухэпхыным мыхьэнэ иІэу кьалъытащи, гулъытэ хуащІынущ.

Прунжыр къыщагъэкІ Кизляр, Бабаюрт, Тарумовск, Хасавюрт районхэм, Псалъэм папщІэ, 1987 гъэм гектар мин 26-м тонн мин 90 кьыхэтрахауэ щытащ, я Іуэхур нэхъыфІ хъури екІуэкІыну кьыщІэкІынт 1990 гъэхэм псори зэІымыхьатэмэ. А гъэхэм гектар мини 6 кьудей кьахуэнэжауэ арат зыгуэр кьытрахыфу.

Иджы илъэситхум кьриубыдэу гектар мин 22-рэ прунжым хузэрагъэпэщыжьын хуейщи, псом апэр псыращ. Мы зэманым йолэжь Дагъыстэным и ищхьэрэ лъэныкъуэм щыІэ Старо-Теречнэ псы щІэгъэлъэдапІэр зэрагъэпэщыжьыным. ИтІанэ къагъэщІэрэщІэжынущ Таловскэ, Бороздиновскэ псы щІэгъэлъэдапІэхэри.

Мы Іуэхум зэрызрагъэужьынум и щыхьэтщ республикэм кьыщрахьэлІэ прунжым и процент 80-м щелэжьыфын заводищ иужьрей зэманым зэрауухар. Ахэр иджы щыІэ Іэмэпсымэхэмкіэ уэздащи, прунжыр гъэкъбзэзэрн, зэхэдзырн, а зэрыплъэхъэм игъэзэгъэрин автоматикэм зэфІегъэкІ, Кьапщтэмэ, Кизляр дзт заводым иІэжщ прунж жылапхъэм елэжь центр.

- Ди республикэм щагъэкІ прунжыр Тэтэрстаным ищхьэу щІидзащ, Азербайджан, Узбекистан, Туркменистан къэралхэми зэгурыїуэныгъэ ядэтщІыну догъэхьэзыр, - жеІэ заводым и унафэщІ Касумов Загидин.

- Налогыу кьыхэкІым зэрыхэхъум и фІыщІэкІэ, - жеІэ Дагъыстэным и Іэтащхьэ Васильев Владимир, - республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 500 хуэхтхыфращ прунж хьэсэхэр нэхъыбэ щІынымрэ ахэм здекІуэлІэн хуей псы щІэгъэлъэдапІэхэмрэ зэтрауухэжьыным. Прунжым елэжь заводхэр ДИ зыхъхъуам Іэмал кьыдет прунж мыгъэкъэбзэ килограммыр зэращэу щыта сомИ 10-р зыщыдгъэгъупщэу, гъэкъэбзауэ, грамим 200-м кьыщыщІадзауэ зы тонн зэрыхуэм щыщІэкІыжу зэрыльпхъэм ираклІуауэ тыкуэнхэм щІалъхьну, щыпІэ жыжьхэм ирагъэшэну. Апхуэдэу зэлэжьам и килограммым сом 38-рэ хуоэз. Аращи, щІыпІэм кьеізэгъ къэкІыгъэм мэкъумэшыщІэхэр щІегугъэн щхьэусыгъуэ яІэ хъуащ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

● Футбол

Зэныбжьэгъугъэр я гъуазэу

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Анжи» (Мэхъэчкъалэ) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 16-м. ЦІыху 400 еплъащ.

Судьяхэр: Ермаков (Краснодар), Шустров (Крымск), Шипков (Белореченск).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, КІэдыкІуей (Шавае, 68), Белоусов, Ольмезов, Тебэрды (Сындыку, 62), Хьэшыр, Салахетдинов, Машэжь, Дэхъу (Іэпщащэ, 46), Апажэ (Ашу, 66), Бацэ.

«Анжи»: Богатырёв, Ягьяев, Камурзаев, Вагабов (Исаев Ш., 80), Саидов, Абдулкадыров (Батырбеков, 75), Магомедов Р., Исаев М., Исалов (Абдуразаков, 46), Магомедов М. (Гусенгаджиев, 72), Агаларов Г. (Эльдарушев, 83).

Толхэр дагъэкІащ: Абдулкадыровым, 51 (0:1). Бацэм, 90+4 -пенальтикІэ (1:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Дэхъум, Агаларов, Бацэм, КІэдыкІуейм. Ягьяевым, Исаев Ш., Исаев М., Богатырёвым, Ханмурзаевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм ящхьэ иткІэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Анжи»-мрэ иужьу щызэхуэзар илъэсибл ипэкІщ. Абы щыгъуэм тІури, уей-уей жрагъэІэу, премьерлигэм щыджэгурт. Иджы етІуанэ дивизионым зэгъуэгу кьыщцыхутащ, къэралым и футбол командэ нэхъыбІхэм щыхэта илъэсхэм зэтрагъэхьа щыхуэм кІуэцІригъэхуауэ. Адыгэм ауэ жиІатэкъым: «Уи тепІэн епльи, уи пльэ уичуэдий». ПльэкъапІэ къудей тэмэму здащымыІэ, щІыхуэхэр щыхуэмызэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ, дауи, ядэхъуакъым къэралым и кьалащхьэхэмрэ щІым и хьугъуэфІыгъуэхэм ириуэркъ олигархэмрэ кьыпащІэгъэува командэ пльэщхэм. Ахэр зыхэта «таурыхым» и кІэухыр сыт хуэдэми хуэт и дежкІи гурыїуэгъуэщ.

Нобэ «Спартак-Налшыкымрэ» «Анжи»-мрэ я тегъэщІапІэр я щІыпІэм кьыщалъхуа, кьыщыхуа футболист щІалэхэрщ. ІэмалышыгъэкІэ ахэр абы гъащІэм ирихулІащ, трагъэкІуэдэн мыпхуэ хуабжу къаззэремэщІыкІым кьыхэкІыу. Кьапщтэмэ, мы зэныбжьэхэм зыхуагъэхьэзырын папщІэ налшыкдэсхэр зыщыпІи кІуэфакъым. Уеблэмэ зэхуащэу я базэм зыщагъэсэну Іэмал яІакъым, ирагъэшхын кьудей зэрамыІэм папщІэ. Дагъыстэнхэм я Іуэхуэрэ нэхъ щІагъэхъкъым. Мазэрэ ныкъуэрэ ипэкІэ премьер-лигэм хэта я командэ нэхъыщхьэр абы кьыхагъэкІри, занщІэу етІуанэ дивизионым кьагъэкІуащ, иджы щыджэгун хуея ипэ гупым зэрыхэтын мыльку зэрамыІэр и щхьэусыгъуэщ.

Зи гугъу тщІа лъэпощхьэпо псори щыныэрылъагъут вэсэмахуэ Налшык щекІуэкІа зэІуущІэм. Нэхъ пасэу гугъуехьхэм пощІэтын езыгъэжьа «Спартак-Налшыкым» куэдфІэкІащ зэхьэзэхуэ блэкІам и кІэух зэІуущІэм хэта футболист псори къыгъэнэн, нэгъуэщІ командэхэм яхьыха Мэшыкъуэ Ислъамрэ Гуэнгъэпщ Албэчэрэ къыщыынэмыщІа. АуэрыбэкІэ ахэр зыхъуэжа Апажэ Чэримрэ Бацэ Къантемыррэ я зэфІэкІхэри щэч кьызытумыхьэнщ. «Анжи»-м зы футболисти кьыхэнэжакъым иджыблагъэ премьер-лигэм зыкъыщыщІэлъэгъуахэм ящыщу.

ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІдзэ зэІуущІэм зэрыпэплъам и щыхьэту «Спартак-Налшыкым» ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ иригъэжьащ. Премьер-лигэм и зэхэтыкІэр иджыри зыщымыгупуща хьэщІэхэри къикІуэтынутэкъым. Арщхьэкіэ джэгум кърикІуэнур хэт ищІэнт, мэхъэчкъалэдэсхэм я гъуащхьэтет Богатырёвым и Іэзагъ лъагэр мыхъуатэмэ. Ауэ абыи зыри хуещІакъым, зэІуущІэм кьыщІагъуа дакъыкъэхэр щиухым ди щІалэхэм кьалэжьа пенальтир Бацэ Къантемыр щигъэзащІэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ лъэныкъуэхэр мамыру зэбгъэдэкІыжащ, загъэпэхуу кьыжьэжа иужькІэ хьэщІэхэм топ кьыгтхудагъэкІам жэуап игъэтати.

Гуапэт стадионым кьэкІуэлІахэми уакІэлъплъыну. Пжьэгъуэ махуэу щыт пэтми, ахэр мащІэтэкъым. «Анжи»-м дэщІыгъуэ Мэхъччкалэ кьикІахэри зэпІэзэрытт икІи зэІуущІэм епльыну къэкІуа хэгъэрейхэм зы жьэу «Сэлам алейкум!» жаІэурэ кьыщцрагъэблагъэкІэ, езыхэми макъ лъэщхэмкІэ «Алейкум ас саламыр» кьыпадзыжырт. Ди лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэм ар и щыхьэт нэсщ.

2019-2020 гъэхэм я зэхьэзэхуэр язныкъуэ командхэм гугъуу ирагъэжьащ. Кьапщтэмэ, кьалэныш-хуэхэр зыхуэзыІэуэвыжу, нэхъапэм ехъулІэныгъэхэр кьыхуэзыхьа цІэр кьэзыщтэжа Владикавказ и «Алания»-р и стадионым щыхагъэщІащ. БлэкІа зэпеуэр иухьыкІэ пашэныгъэм щІэбэна Краснодар и «Уражай»-м - Волгарь»-р Астрахань кьыщытекІуащ. Зэрамыжьэрэ илъэс куэд дэкІауэ Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыізэрагъэпэщыжа профессионал футбол командэми бжьыгъэшхуэкІэ Ставрополь щригъэжьащ.

Иджы фыщыщІэгъэзэнщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщІэзыдза зэхьэзэхуэм и пэщІэ дзэ джэгуГъуэм кьрикІуа бжьыгъэхэм: «**Алания**» (Владикавказ) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**, «Черноморец» (Новороссийск) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **0:1**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс) - **1:1**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**Уражай**» (Краснодар) - **2:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0:1**, «**Мэхъэчкъалэ**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Спартак**» (Владикавказ) - **1:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Интер**» (Черкесск) - **3:0**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионымИ «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командзэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Динамо-Ставрополь»	1	1	0	0	3-0	3
2. «Волгарь»	1	1	0	0	2-0	3
3. «Дружба»	1	1	0	0	1-0	3
4. «ЛегионДинамо»	1	1	0	0	1-0	3
5. СКА	1	1	0	0	1-0	3
6. «Мэхъэчкъалэ»	1	1	0	0	1-0	3
7. «Биолог-Новокубанск»	1	0	1	0	1-1	1
8. «Анжи»	1	0	1	0	1-1	1
9. «Краснодар-3»	1	0	1	0	1-1	1
10. «Спартак-Налшык»	1	0	1	0	1-1	1
11. «Спартак»Вл	1	0	0	1	0-1	0
12. «Алания»	1	0	0	1	0-1	0
13. «Черноморец»	1	0	0	1	0-1	0
14. «Мэшыкъуэ-КМВ»	1	0	0	1	0-1	0
15. «Урожай»	1	0	0	1	0-2	0
16. «Интер»	1	0	0	1	0-3	0

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къашокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Кьымахуэ Астьэн, Нэщ1эныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Эзыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэхтащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныбмкІэ - 42-60-53; зэушэнагъэр хъумэныбмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщцІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныбмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зых